

KALAWARTI SASTRA JAWA

JANUARI - JUNI 2021

# *pagagan*

Nomer 97

Susastra Jawa  
Gegambaraning Donya

Sastra Digital

Aksara Jawa  
Anjayeng Bawana

Nandur  
Winih Anyar

Ketonto

Nututi  
Layangan Tatas

Aoh Huhaha



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224  
Telepon: (0274) 562070, Faksimile: (0274) 580667

ISSN 0854-1035

# Bali Marang Kinjeng Dome

**D**urung pati lawas ing Pasundhan ana upas residhen. Kang wadon gawene marung, dene kang lanang samangsa-mangsa dhong ora jaga saben dina iya melu tunggu dodolane kang wadon ana ing warung.

Lawas-lawas upas mau ketrima olehe njaga parentah, kaangkat dadi Wedana. Bareng dadi Wadana pambekane kumingsun, sarta

siya marang bawah klerehane lan kurang miturut marang parentahe Bupati, awit kang digawe agul-agul dheweke iku kekasihe Residhene.

Ora lawas, bareng Residhene salin, Wedana mau kena ing prakara gedhe, kongsi dilereni seka dadi Wedana, ora nganggo pinaryangan pensiun. Dadi wiwit samana ora kena ora dheweke lan kang wadon kudu mbaleni tunggu warung maneh.

Dene wong tilas bawah-klerehane, yen liwat ing ngarepe Wedana dhongkol mau padha muni, "Hem, saiki si ambek siya bali marang kinjeng dome."

# pagagan

KALAWARTI SASTRA JAWA

NO. 97 JANUARI - JUNI 2021

## SUSUNAN REDAKSI

### Pelindung/ Penanggung Jawab

Kepala Balai Bahasa  
Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

### Pemimpin Umum

Ketua Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta

### Pemimpin Redaksi

Ardini Pangastuti

### Sekretaris

Swasti Ratri Ani Lestari

### Bendahara

W. Ari Widiawan

### Dewan Redaksi

Yohanes Adhi Satiyoko  
Ratun Untoro  
Swasti Ratri Ani Lestari  
Margaretha Widhi Pratiwi  
Hayu Avang Darmawan  
Sinarindra Krisnawan  
Muh. Bagus Febriyanto

### Sirkulasi

Hayu Avang Darmawan

### Alamat Redaksi

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34 Yogyakarta 55224  
Telepon: (0274)562070, Faksimile: (0274)580667  
Posel: pagaganssj@gmail.com  
SMS/WA redaksi: 081340419415  
SMS/WA sirkulasi: 081578728070

Pagagan nampa tulisan lan gambar saka para maos dikantheni cathetan biodhata singkat. Redhaksi duwe wenang mbesut tulisan kang bakal kacetak tanpa ngowahi isi. Tulisan bisa kakirim liwat posel: **pagaganssj@gmail.com** nganggo format RTF dudu doc. Foto utawa gambar nganggo format TIF/JPEG 200 dpi.

Samak ngarep  
FARHAN



UNEN-UNEN .....	i
SUSUNAN REDAKSI .....	1
DAFTAR ISI.....	1
PANGLIMBANG.....	2
Sastra Digital	
GEGURITAN.....	3
• Pundhi-pundhi Asmara.....	3
• Nunggu .....	3
• 2020.....	4
• IBU .....	4
• MACA.....	5
• Ora Keduman Pangan.....	5
• Kringet Atus.....	6
• Arit Mangap.....	6
• Nggremet Ati.....	6
• Pasrah Turu .....	7
• Cethik Geni .....	7
ESAI .....	8
• “Kabegjan kang Mratani” Susastra Jawa Gegambaraning Donya .....	8
• Aksara Jawa Anjayeng Bawana .....	10
PARAGA .....	11
Nandur Winih Anyar .....	11
CERKAK.....	14
• KETONTO .....	14
PARIBASAN .....	16
CERKAK.....	18
• Nututi Layangan Tatas .....	18
• Aoh Huhaha .....	23
KRONIK	
Agenda Kegiatan Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.....	28
TINTINGAN.....	29
PENTIGRAF.....	31
SULUH .....	32
PAMERAN BUKU.....	33



# Sastra Digital

YOHANES ADHI SATIYOKO

**S**Sastra, mligine sastra Jawa pancen sok ora ditoleh dening wong kang wis ngenut gaya hidup milenial, yaiku sawijining tatanan urip kang kudu sarwa cepet, ringkes, paedah, lan duwe daya pilut. Ora bisa lan ora bakal diselaki menawa jalukane jaman pancen kudu kaya mangkono.

Sastra Jawa lir watu aji, kang dumunung ing sawijining laladan, kalimputan budaya lan tradhisi. Mula supaya bisa moncer lan dimangerteni dening liyan sastra Jawa, ya kudu dicawisake kanthi trep lan nengsemake. Cawisan sastra Jawa iki ora bisa diselaki kudu nut jaman kelakone.

Ing jaman milenial iki wis akeh para kanoman kang sinebut generasi z, sastra Jawa tetep kudu ngrembaka. Ananging uripe sastra Jawa apa ya mung dadi sawijining artefak wae utawa mung dari pangeling-eling? Sastra Jawa minangka sastra donya, kudu ora kalah karo sastra-sastra manca kang kondhang nganti tekan tlatah Jawa. Kenangapa bisa? Ora liya merga karya-karya sastra manca mau dirantam, ditata, disengkuyung bareng murih bisa nyenengake ati para maos, para pamiarsa. Sastra ora mung mligi dadi sawijining tulisan kang lair seka sawijining budaya ing sawijining tlatah kang

mung dadi cathetan jaman lan panglipur kanggo para maos, nanging sastra bisa dicawisake kanthi mirasa lan ngewrat kawruh. Endahing sastra lan cara nyawisake sastra kuwi kudu empan sasaran, utawa kudu ngerti sapa kang dituju, kepriye kesenengane, kepara bisa menehi sawijining kawruh anyar tumrap urip lan panguripan.

Donya tansah mlaku cepet, manungsa samsaya ngupaya gampang cara nglakoni urip kanthi ringkes nanging migunani, kayata cara-cara digitalisasi tumrap maneka babagan. Sastra Digital, diajab bisa dadi lantaran ngupaya moncering sastra Jawa tekan manca lan nawakake kawruh kang bisa diugemi dening sasapoa. Iki kang uga diupaya supaya sastra Jawa lair, urip, lan nguripi sarta nyenengake. Sastra digital saiki dadi salah sawijining piranti lakune sastra Jawa. Maneka cara digitalisasi sastra Jawa, kayata nyawisake wacan sastra lumantar audiobook, siniar (podcast), YouTube, Website, Blog, film, lan liya-liyane bisa diangkah sasopoa wae kang ngugemi urip lumantar piranti digital. Maneka ekspresi prosa utawa puisi kang wujud audio visual saiki uga bisa dikantheni sulih basa utawa terjemahan kang tundhone

njarwakake budaya, tradhisi, pola pikir Jawa marang wong-wong manca. Iki dadi salah sawijining kupiya kanggo nepungake lan “ngumukake” sruwa-sruwi sastra budaya Jawa ing saindhenging Donya.

Kejaba medhia-medhia digital kang bisa kanggo piranti Sastra Jawa ngetutke owah gingsire jaman, aja lali, kreativitas para punggawa Sastra Jawa kudu dadi sranane. Kreativitas dadi dhasar nyawisake sastra Jawa marang masyarakat, kanthi bener lan pener

Menawa sastra Jawa wus melu owah gingsire jaman kanthi cara digital lan adhedhasar kreativitas ateges sastra Jawa wus bisa nyenengake manungsa kang racake saiki nyekel gawai kanggo sesambungan lan mangerteni kabar sarta hiburan seka saindhenging Donya.

Mula kupiya digitalisasi sastra Jawa sacara kreatif nuduhake ngrembakane sastra Jawa kang migunani lan nyenengake manungsa.

**Yohanes Adhi Satiyoko**

Ketua Sanggar Sastra Jawa  
Yogyakarta (SSJY).

## ALFINAROSITAJATI

### *Pundhi-pundhi Asmara*

Taun mataun wus lumaku  
Rasa tresnaku marang sliramu  
Ora bisa luntur amarga wektu  
Senadyan tulus saka kalbu

Sedina kaya sewulan  
Sewulan uga kaya setaun  
Jalaran wektu terus lumaku  
Semono uga rasaku mring sliramu

Dhuh Gusti...  
Kula nyuwun pitedah  
Pitedah mring rasa iki  
Amrih bisa enggal pinasthi

Ngudar rasa ngrimat tresna  
Angreksa tanpa kumecap  
Hamung siji panyuwunku  
Enggala sadhar mring awakku

**Alfina Rosita Jati**

Siswa SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul

## INTANA PUSPITASARI

### *Nunggu*

Sliramukâyawêktu  
Anâmumungsêmu  
Norangêrtiyèndirindu  
Tanpåsåpåkaroaku  
Têkâingmimpi  
Mêtunèmungwèngi  
Lamunsênèngnoramuni  
Namungdipèndèmingati  
Hè...sliramu!!!  
Åjàkâyâbanyu  
Mungmili-milinatoratmu  
Tanpåânâkèpastianmu  
Yènsênèngâjâmungmênèng  
Lamunilang...  
Isâmuyâmungmênèng  
Panjalukmuikuapâ?  
Akumungbisânunggu  
Nungguliramusingnoratamtu  
Yènsliramuoramêtu  
Akusingbakalmêtu

**IntanaPuspitasari**

Siswa SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul

## GITA AMANDA PUTRIANI

2020

Maturnuwun 2020

Taun ingkang kathah pacoban  
Urip dipuntuntut déning kahanan  
Pandemi ingkang dados jalaran

Taun ingkang abot dilampahi  
Sandang pangan angel digoleki  
Bagas waras kang dipuruni

Pemerintah sampun tumindak  
Sêdâyâ usâhâ sampun dilampahi  
Ayem tentrêm kang dados tujuane

Doktêr ingkang maju ngarep dewe  
Panjênêngan nindakaken kegiatan mulyâ  
Râsâ sabar lan ikhlas kang dadi pedoman  
Tumindakmu nemtokaken nasib bangsa

Pandemi aja dianggep sepele  
Menawi sampun kêna  
Sagêd nular sêpâdhâ-pâdhâ  
Mulâ âjâ lenâ lan têtêp waspâdâ

**Gita Ananda Putriani**

SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul

## DELLA YOLANDA

IBU

Panjênêngan engkang ngêlahirakên  
Trêsna asih ibu ora ono kang bisa ngganteke  
Kêsabaran ibu kang kêbak wutuh ora bisâ daklalèké  
Pêngorbanan kang tanpâ wates ora bisâ winalés

Ibu.....

Rino wêngi makaryo tanpâ roso lêsu  
Tansah kuat tanpâ sambat mung kanggo aku  
Do'a ibu kang tulus tansah ngiringi awakku

Piturmu bakal dakrungu  
Ibu.....nggeh ngobati naliko aku loro nyê mangati naliko  
aku tanpâ doyo  
Engkang nyimpên kamulyaan ing swargo  
Pandongaku ibu...  
Mugo Gusti tansah nyémbadani.

**Della Yolanda**08 X MIPA 4, SMAN 1 Wonosari  
Gunungkidul

## NGATILAH

### MACA

Delengen ing brang wetan.  
 Srengenge jumedhul abang mbranang.  
 Sajak nantang sing padha nyawang.  
 Sabanjure. Delengen langit sandhuwurmu.  
 Mega arak-arakan kadya kapas katiup maruta.  
 Mlaku mbuh ngendi kang tinuju.  
 Rungokna, wanci byar esuk ngene.  
 Peksi maneka warna padha tetembangan.  
 Menembrama tekane dina.  
 Apa manungsa uga bisa? Bisa!  
 Nanging, apa padha nglakoni?  
 Ana sing bisa, akeh sing ora!  
 Manungsa kang jarene darbe akal.  
 Arang sing bisa maca! Maca apa?  
 Maca endahing bawana, kang kebak rahmate Gusti.  
 Maca serating Gusti kang tinulis, kanthi ati wening.  
 Maca iku ora ngemungake mligi ana ing al kitab.  
 Nanging wujud tulisan kahanan, kasunyatan.  
 Kang disuntak ana ing sadengah papan  
 Pinangka tandha Panguwasaning Gusti.  
 Lamun esuk, si Prenjak padha memuji sihing Gusti.  
 Kembang-kembang padha amrok mekar,  
 methuk jarwaning dina.  
 Gegodhongan, ijo royo-royo samya mesem,  
 mapagi sang bagaskara  
 Lha manungsa? Ana ngendi nggonmu maca?  
 Apa kang sira waca? Cetha apa ora olehmu maca?  
 Jerengen pandulumu! Lamun Gusti wus ngesok tulisan.  
 Geneya awakmu, sira manungsa?  
 Kok ora maca! Apa ora ngerti?  
 Lamun Gusti ngesok tulisan ning marcapada.  
 Dimen padha diwaca.  
 Ana ngendi pikiranmu kang jarene  
 mbedakake klawan sato?  
 Maca iku, niti samubarang ciptaning Gusti.  
 Saka anane manungsa, kewan tekan tetuwuhan.  
 Kabeh mau den cipta Gusti, dimen bisa murakapi.  
 Siji lan sijne bisa hanyukupi.  
 Ora ana samubarang lir kang nora paedah.  
 Mula, enggal titinen. Wacanen! Dimen mangerti  
 serataning Gusti.

Pereng Kembang AB - 090417 - NS

## BUDI WAHYONO

### Ora Keduman Pangan

Geneya isih ana anggung derkuku  
 nalika panjenengan dereng kober wungu  
 delengen derkuku sing manggung ana empyan  
 mripat beninge nyimpen susah  
 gogik sing kelet ana tampah wis amoh pecah  
 kahanan iki aweh tandha yen akeh kewan  
 wis ora keduman pangan: Mung nggayemi lebu lan  
 rontokan krikil  
 karo buntute njondhil-jondhil  
 meniran jagung, gogrokan beras, keceran ketan  
 sajake mung kari turahan dongeng  
 nalika omah sak kepel direnteng gandheng  
 sing nduwe omah ndhepipis ngeyup  
 kendhang kupinge ketutup  
 nanging anggung derkuku terus keplayu-playu  
 nyoba nembus tutup rapet batinmu  
 2018

**Ngatilah, S.Pd.** Penulis.

Pegiat Sastra Jawa

Guru IPA SMP Muhammadiyah 6 Yogyakarta

## Kringet Atus

yen ngene iki aku lagi krasa  
rukun seger adus kringete bangsa  
sakwise temangsang ana kaos kanthi  
kotos-kotos  
ayo minggir menyang tloir  
bebarengan mangan awan  
rong bungkus sega kucing wis dadi  
ingon sing manjing  
sinambi nyokot bakwan, bacem,  
tempe gembus  
sedheng keringe atus  
  
sedhela maneh kang  
mandor bakal teka  
mripate wis gampang diwaca  
wayah mangan, leren  
lan ngglethak sedhela  
kudu dirampung. Prekara boyokmu  
ambah kenthel pegel  
kudu gumregah nata tegel  
pinggi lurung kutha: Ben katon  
amba.

2018

## Arit Mangap

sak bentel suket sing  
siset mbok gubet  
ana sedhel pit montor -- mekroke  
kaya plethoke pelor  
knalpot amba mlayu gendring  
tanpa tedheng aling-aling  
Kowe kok ya isa kemaki  
barang to Kang?  
Ngerti gaman dilarang sliweran  
malah mbok pasang tanpa wirang  
arit landhep mingis-minggis  
medeni mata  
bakal bisa gawe cilaka  
apa maneh madhep  
nantang menyang mburi  
yen mandhek dadakan kaya-kaya  
nyawa ora aji  
  
Kok isih kemaki to Kang?  
Njaluk tak jelukake polisi?  
Sak durunge ana korban  
krengkangan tiba  
lan awakmu dikunya-kunya  
banjur dipilara: balia waspada  
sak durunge anak-bojomu keterak  
kepradahmerga kowe  
kakehan polah!

2018

## Nggremet Ati

limang taun wingi – keker  
awakmu tak puji  
merga rong karung sandang  
ngentepi gejer lanang  
ngendring mlaku nyilakake  
muntelan wong blanja  
kanthi rasa mardika ana  
sesel-riyele sing teka  
sajak wong sak pasar kudu ngerti  
sapa sejatine awakmu kuwi  
  
banjur rong piring sega  
munjung mak klunthung  
kalah karo weteng karetmu  
kesawang mlendhung metu  
  
nanging saiki jriji-jriji  
tanganmu nregeli  
nyandhak sagelas teh wae:  
Aku ora tegel ngematake  
“...stroke ngidak cengelku Le,  
kabeh saingan  
padha ngece,” celathumu  
Aku wedi, yen sesuk wengi  
stroke genti  
nggremet ati sing mung siji

2018



## *Pasrah Turu*

*apa kowe isa ngaso turu yen  
omahmu mung singgetan  
papan kasil dherukan  
kana-kene gapuk,  
gemrengsenge rayap  
gawe petungan megap-megap  
durung jedhag-jedhuge  
bocah letheke-letheke  
nggajuli ban lan bola-bali naboki  
omah miringmu kuwi?!*

*kudune kowe isa nggebyur  
banyu kareben  
bocah-bocah mau wedi mlayu  
nanging pasrahmu  
malah gawe turu  
timbang kesel alok, grejegan lan  
padu karo tangga bakal sak lawase  
apa maneh gubugmu mung  
ndhelik ana kene.*

2018

## *Cethik Geni*

*slokatan geni wis kemromong abang  
banjur kelingan kabeh dhuwit sing  
wis mblandhang  
wujudte geni ora biru maneh – nuruti  
iklan sing menggehe-mengehe  
yeni geni dicilikake nasibe padha wae  
matenge sega kepara dadi suwe*

*kadeleng angka tanggalan  
sing dibunderi bojo:  
Lagi pirang dina suluke geni  
kompok gemontang njaba?  
ujug-ujug rasa khawatir njedhul teka  
dhuwit wis mepet – ulem jagongan  
tambah nggencet  
keprungu dirasani: Klepek-klepek  
seg, kompor mati  
gas mblendhuk kelas rakyat  
angel digoleki  
nambahi kangen zaman  
cethik geni.*

2018

### **Budi Wahyono,**

Penggurit kelairan Wonogiri,  
geguritane wus kapacak ing  
Parikesit, Panjebur Semangat, Jaya  
Baya, Mekar Sari, Solopos, Suara  
Merdeka, Chandra Pustaka, Derap,  
Antologi Bujono Suci, Senthong  
(TBS) dan Sekar Setaman (DKJT).  
Lulusan Magister Fisip Undip,  
samenika ngasta guru ana SMK  
Negeri 7 Semarang.

DAHLIA NURUL AMALAH

## *“Kabegjan kang Mratani”: Susastra Jawa Gegambaraning Donya*

Sajege urip ing alam donya, kabeh wong mesthi bakal bungah nalika antuk kabegjan. Apa maneh, kabegjan iku sumber saka pamarentah lan tumeka nalika pepenginan ora selaras karo simpenan. Kahanan urip sing katon ambyar, dadi bingar kaya lintang johar. Beda kahanane menawa urip kacingkrangan, kaya sing dadi gumrenggenging bebrayan agung ing jaman pageblug iki. Awake dhewe mung bisa nyawang rupane kabutuhan. Nyawang bae wis gawe mareme ati, apamaneh bisa ndarbeni. Menawa Gusti durung kersa ngrejekeni, pepenginan apa bae durung bakal katekan. Ya kuwi, kang jenenge ngulandara ing bumi pertiwi. Mobah mosiking jaman, ketiban pageblug sing njalari ekonomi gabug, aja nganti gawe urip ora nutug.

Ngeling-eling tumrap kabegjan, dadi kelingan sawijining yasan sastra anggitané Poerwadhie Atmodihardjo. Sanadyan mung awujud crita cekak, surasane mentes, ora mung ngayawara, malah dadi punjering piwulang lelakon ngaurip. Salah sijine, yaiku kang magepokan karo kabegjan sing mratani saperangan bebrayan ing Desa Paron. Crita kabegjan kawiwitan gara-gara ulem hajat ngluwari ujar saka Mas Sastrasuwarno, lakon sing digadhang-gadhangke sajroning crita. Lakon (aku) mawas adicara slametan komplit wiwit wedang teh tekan nyamikane, njalari pikirane dheweke ngglambrang tekan bab ekonomi. Yen dipandeng, metune ragad Kyai Sastra kanggo ngluwari ujar, mesthine bisa ditukokake sawah sakrendhenge. Ewa dene Mas Sastra, mung makarya dadi

gerji. Mula lakon (aku) krasa mokal, banjur dheweke nyelidhiki bab Mas Sastra.

Lakon (aku) ndhedhes tumrap Mas Susastra, nanging dheweke mukir bunder ora gelem blaka, jare kaul. Kancane uga ora ana kang ngerti, rapet anggone ngemu wadi. Ewa semana, wong iku ana uga kang sipate nggenthong umos, sing bisa njalari ngerti Mas Sastra nduwe punagi. Critane yaiku Mas Sastrasuwarno, Mas Harjabadrans, Pak Pawirodipo, telu cacah rukunan tuku lotre, ngadu kabegjan sarana gered-geredan, tuku lotre menyang Jakarta. Adiling Pangeran, ndilalaha lotrene cocog bisa nemoni nomer lan asile diedum rata. Olehe lotre dibagi-bagi kanggo nragadi pirang-pirang bebadan pemudha apa wae. Cekake, kabegjan iku dadi mratani sadesa Paron, sanadyan ora

kabeh. Crita iki dadi wujud lakon ngaurip babagan kabegjan sing bisa mujudake katentremaning bebrayan agung. Sanadyan sumber saka lotre, nanging surasane crita ngemu piwulang yen kabegjan sing mratani bisa mujudake kamakmuran. Menawa crita iki dijumbuhake karo kasunyatan kabegjan bantuan pamarentah ing madyane pageblug iki, kira-kira apa wis kalebu kabegjan sing mratani?

Wiwit anane pageblug Covid-19, maneka bantuan saka pamarentah pancen rada mbanyu mili. Saka BLT karyawan swasta, kuota internet kanggo dwija lan para siswa, subsidi listrik, bantuan pengusaha UKM, lan liyane. Pangajabe pamarentah tumrap bantuan kuwi yaiku supaya bisa mundhakake ekonomi bebrayan jalaran pageblug. Nanging, apa iya, bantuan pamarentah kasebut dadi siji-sijine dalam ngrampungake perkara ekonomi?

Dene kahanan ekonomi anjlog ora mung dirasakake masarakat kanthi pakaryan tartamtu bae. Mula, bener banget apa sing kababar dening Toto Priyono sajroning yasan kompasiana.com babagan subsidi apa kontradiksi. Anane bantuan pamarentah njalari panemu sing beda-beda antarane masarakat siji lan liyane. Sing cetha, bantuan pamarentah malah gawe geger tumrap bathi tunane bebrayan sing nampa lan ora nampa bantuan.

Bantuan kang mawujud ing BLT karyawan swasta duweni sarat supaya sapa kang oleh bantuan kasebut kudu kalebu anggota BPJS Ketenagakerjaan. Ewadene karyawan swasta utawa buruh, ora kabeh melu BPJS Ketenagakerjaan. Semana uga bantuan kuota internet sinau. Kasunyatan menawa ora kabeh bebrayan migunakake sarana internet kanggo sinau online. Upamane, bebrayan sing mapan

ing dhaerah plosok, kepriye arep oleh bantuan, sarana modern bae durung bisa nyukupi. Kabeh iku dadi wujud menawa bebrayan ana sing sarujuk lan ora sarujuk tumrap anane bantuan pamarentah. Nanging, sapa bae mesthi ngajab keadilan pamarentah. Kauripaning bebrayan bakal mulya menawa kabegjan pamarentah sing tumeka yaiku kabegjan sing bisa mratani, kayata kabegjane Mas Sastra sing bisa mratani Desa Paron. Dudu kabegjan sing pungkasane malah gawe negara ajur mumur, utang saya dhuwur, garang garing nyukupi kabutuhan sing durung tamtu pener pangincenge. Rerasanan sathumlik iki mung sawijining gegambaran menawa karya sastra (Jawa) bisa melu urun kanggo nggambarake lan nglelimbang kahanan kang lagi diadhepi manungsa.

Kapethik saking antologi sastra Jawa *Krakitha Kalah Wegig* taun 2020.

### **Dahlia Nurul Amalah**

Makarya ing SMPIT Salman Al Farisi  
Boarding School Yogyakarta

SETYA AMRIH PRASAJA, S.S.

# Aksara Jawa Anjayeng Bawana

**S**alebeting gelaran parepatan ageng Aksara Jawa ingkang ginelar dening Kundha Kabudayan ing Ngayogyakarta, rikala surya kaping 22 – 26 Maret 2021 ing Hotel Grand Mercure Yogyakarta, asring kaping ukara Aksara Jawa anjayeng Bawana. ukara punika minangka pratandha thumukuling raos pangajap, pangangkah murih aksara Jawa saged ngrembak saindhenging jagat, duka punika ing jagad nyata punapa dene jagat maya (digital).

Parepatan ageng (Kongres) Aksara Jawa sepisan sampun kasil ginelar kanthi rancak lan ngasilaken saperangan putusan ing antawisipun ing komisi I JGST wonten asiling pirembagan ngengingi alih aksara Jawa – Latin, Aksara Jawa – Pegon ingkang kaangkah saged dados standar baku, salajengipun ing komisi II kasil anetepaken paugeran tata panyerating aksara Jawa ingkang kaperang dados kalih inggih punika cara lawasan (traditional) kangge ngawekani tata panyeratan jaman kina ingkang taksih nglestantunaken warga aksara, lan prasaja (simplified) kangge ngawekani tata panyeratan ing jaman samangke. komisi III ingkang

mligi ngrembag bab digitalisasi aksara Jawa ugi kasil netepaken standar baku kangge jinising aksara Jawa ing jagad maya (type face) lan ugi papan ketikipun, semantena ugi komisi IV ngasilaken pinten – pinten putusan ingkang wonten gayutipun kaliyan kados pundi aksara Jawa punika sageda ngrembaka, kinanthen panjurung lan panyengkuyung ing tataran birokrasi, akademisi, praktisi, seniman, sastrawan punapa dene bebrayan ageng. awit saking krentegipun para pandherek parepatan ageng aksara Jawa I mila lajeng tuwuh pasarujukan bilih ing surya kaping 22 Maret dipun pengeti minangka dinten aksara Jawa, lan dinten Kemis Kliwon badhe kakulinakaken nyerat aksara Jawa ing saben – saben guneman salebeting media sosial (WA,FB) lan sapanunggalanipun.

Parepatan ageng aksara Jawa I Yogyakarta punika ginelar minangka salah satunggaling upaya, lan pambudi daya murih aksara Jawa sageda enggal mlebet ing jagad maya internet, ingkang tundhonipun aksara Jawa saged sumebar saindhenging jagad. sadangunipun 12 warsa aksara Jawa sampun kasil mlebet ing

Consortium Unicode kanthi slot karakter A980 – A9DF, nanging emanipun dereng sedaya bebrayan ageng Jawa ingkang ngawuningani bab punika, Pramila kanthi ginelaripun parepatan ageng aksara Jawa punika saged mahanani aksara Jawa saged anjayeng bawana.

Parepatan ageng aksara Jawa I punika saged kasil ginelar dening Kundha Kabudayan (Dinas Kebudayaan) DIY kanthi sinengkuyung dening PANDI (Pengelola Nama Domain Internet Indonesia), UNESCO, Provinsi Jawa Tengah, Provinsi Jawa Timur, MGMP Bahasa Jawa SMP, SMA/SMK DIY, komunitas aksara Segajabung lan komunitas aksara sanesipun, liputan massal Genk Kobra, MMTc, CNN Indonesia. adicara punika ginelar mawi tatacara hybrid (luring lan daring) kanthi ngempalaken udakara 1000 langkung pandherek.

## **Setya Amrih Prasaja, S.S.**

Kepala Seksi Basa lan Sastra  
DISBUD DIY.

Pegiat Literasi Lumantar Aksara  
Jawa.

Penulis Sastra Jawa.

Ketua Komunitas Segajabung.

LATIEF S. NUGRAHA

# Nandur Winih Anyar

Paksi Raras Alit



**K**utha Ngayogyakarta lagi nduwe gawe. Maneka festival seni budaya tumplek bleg. Dana Keistimewaan saka pemerintah sok glogok disuntak kanggo maneka festival kuwi. Salah sawijine sing ketok nyata gebyare yaiku Festival Kebudayaan Yogyakarta 2019, jeneng anyar saka Festival Kesenian Yogyakarta sing disingkat FKY. FKY taun iki katon nyata menawa meh kabeh isine pesta digerakake dening para mudha lan kanggo para mudha. Ora maido yen festival taunan iki dadi beda, apa maneh iki wiwitan nganggo jeneng anyar kang nduweni tema utama “mulanira”, amargo ing sakmburine ana sosok-sosok sing nggetih kapimpin dening Paksi Raras Alit minangka ketua panitiya.

\*\*\*

Kawit cilik Paksi, undang-undangan akrabe, pancen wis cedhak karo sastra lan kabudayan Jawa. Ideologi kabudayan Jawa ning keluargane kepetung kuwat. Nalika SD, anak ragile seniman Noor W.A. iki

disekolahake ing Taman Siswa. Ing Taman Siswa didikane seni kabudayan uga dhuwur. Kejaba pancen anak seniman, tur saben ana porseni, tari, karawitan, nyanyi, macapat, nulis Jawa, tembang dolanan, lan sakpiturute, mesti katut. Sasate, saben melu lomba, umpamane macapat, kawit SD wis kerep oleh juwara 1.

Minate pancen ning seni. Lulus saka SMA dheweke ndaftarke kuliyah ing rong panggonan, ing Seni Musik ISI Yogyakarta karo ning Sastra Jawa UGM. Ora ketampa neng Seni Musik ISI Yogyakarta, dheweke banjur mlebu Sastra Jawa UGM taun 2002. Kapetung saka kuliyah ing UGM kuwi mulabukane Paksi cedhak karo jagading sastra Jawa kanthi akademis. Nanging, yen kapetung kanthi sosioklultural bisa diarani wis wiwit cilik, wiwit saka omah. Gayung bersambut, gaweyane tetep ing musik, ndilalah njur gegayutan karo sastra Jawa. Dadine Paksi malah bisa nepungke antarane sastra Jawa lan musik.

Ing sastra Jawa UGM dheweke banjur nekuni filologi sastra Jawa kuna lan basa sansekerta. Utamane babagan filologi pernaskahan kang mambu-mambu kuna, dudu sastra Jawa anyar. Proposal penelitian ngengingi perbandingan Mahabharata versi Jawa kuna lan Mahabharata versi sansekerta nggawa dheweke ing taun 2005 nduweni kesempatan menyang India sinau basa Sansekerta sasuwene sesasi.

Pangaribawa paling gedhe saka wong tuwa lan Taman Siswa wis nanemake ideologi kabudayan Jawa. Ing sekolahane dicekoki, ing omah uga mangkono. Nur WA klebu seniman sing nduweni krenteg karo kabudayan Jawa. Naskah-naskahe bab Jawa-Yogya ora sethithik. Kasunyatan kuwi banjur ndadekake seni budaya Jawa banjur mbalung sumsum kanthi organik ing uripe Paksi. Kaya copet entuk dompet. Sing ndadekake tansaya unik yaiku, saomah, mung Paksi sing tekan sprene gelem ambyur ing seni-kabudayan Jawa.

Saktenane, jagad sastra Jawa tuwuh menaeh ing utipe Paksi iku durung suwe. Sakdurunge, dheweke ngumbara ning blantika musik, kayata ngeband karo Ning Jasmine Band, Kua Etnika, Sinten Remen, Paksi Band, lan dadi penyanyi pocokan. Ning saka kuwi dheweke nduweni tekad menawa mbesuk yen tekan titi wancine bakal gawe karya musik sing isa dadi wot ing antarane latar belakangku, yaiku musik lan sastra. Mula, banjur dadi Mantradisi.

Mantradisi nduweni latar belakang musik tradisi lan sastra Jawa. Anane Mantradisi wis dadi cita-citane Paksi kawet band-bandan pop. Nanging nalika kuwi dheweke durung duwe formasi arep gawe garapan sing kepiye. Pengalaman melu grup-grup musik lan ngematke jenis-jenis kesenian ning Yogya ndadekake Paksi tansaya yakin marang penemune. Ning taun 2016 ana ing Forum Musik Tembi dheweke nggawe komposisi musik tradisi anyar sing banjur dadi dalan nemokake formulasi nggathukake antarane musik kontemporer karo musik tradisi Jawa.

Wiwitane, Mantradisi mung nggarap "musik puisi". Klasifikasi sing disebut puisi ing sastra Jawa klasik yaiku puisi sing nduweni metrum utawa aturan. Wujud paling anyar sing awake dhewe ngerteni yaiku macapat. Saklebare era macapat kuwi, geguritan lan liya-liyane kuwi wis ora awujud puisi amarga aturane beda. Mundur maneh ana kidung ning Jawa tengahan kuwi uga ana metrume. Mundur maneh ana kakawin kuwi ya ana metrume, jaman Jawa kuna. Saklebare era Jawa anyar, puisi sing muncul macapat. Lagi ana maneh karya sastra Jawa ding diarani geguritan. Puisi sing wujud luwih bebas, sing

wis kena pengaruh barat. Dadine metrum-metrum macapat wis ucul.

Tekan seprene Mantradisi esih nggegegi puisi awujud macapat. Dadi esih manut aturan. Nanging kemasane nganggo musik lan visual modern. Pendekatane pertunjukan macapat. Macapat sing identik karo tembang amarga konsensus wong tuwa-tuwa dibalekke dadi karya sastra, dudu karya musik. Macapat sing mbiyen diwaca nganggo langgam kuwi karo para ahli tembang dileboni unsur musik pengiring notasi-notasi macapat. Kuwi sing dilakoni Mantradisi. Paksi lan kanca-kancane nampilake musik-musik modern kanggo tembang macapat. Kuwi sing diarani musik puisi ala Mantradisi. Sakliyané ngelola Mantradisi dheweke uga gawe tabloid Jawacana, kursusan basa Jawa, gawe fetival, lan liya-liyane.

Anane tabloid Jawacana sing diterbitake dening Dinas Kebudayaan DIY ing taun 2018 mulabukane saka postingan akun Jawacana ing Instagram wiwit taun 2017 mbabar babagan knoladge sastra Jawa sing gagasane diposting kanti kemasan sing entheng. Paksi nyoba ngubah pandhangan bab sasi sura sing cerak karo demit lan mitos, umpamane. Piya supaya generasi milenial kuwi anggone mikir ora mung tekan semono. Wiwitane pendekatane pop, akhire mlaku. Konsepe sedherhana banget. Basa dan sastra Jawa dikemas ngetutke jaman, macak enom, ben menarik lan ora mboseni. Tabloid kuwi dadi sarana eksplorasi supaya bisa nggawa sastra Jawa lan basa Jawa ning era kang luwih maju. Kemasan visual gimik sing populer. Sastra lan basa Jawa ora kudu dikemas nganggo cara tuwa. Ing tampilane, strategi media sosiale uga digarap, instagram lan twitter aktif.

Bab iki sing uga diterapake karo Paksi ning Festival Kebudayaan Yogyakarta (FKY) 2019. Jawa kuwi kesane wis tuwa, nanging piye carane banjur stigma kuwi isa diubah, diwalik, Jawa bisa dikemas kanthi kontemporer nut jaman kelakone. Yen diarani, "Kowe ngrusak tradisi!" Paksi bakal mangsuli, "Ora!". Prinsipe anggone njaga tradisi, carane ngrumat, kanggo nuwuhake, lan nglestarekake paling gampang yaiku nandur bibit anyar. Paksi lagi nyiptakake tradhisi anyar supaya bisa dinikmati ing jaman mbesuke. Tinimbangane nangisi karo ngelus-elus wit sing wis arep rubuh, luwih becik nandur bibit anyar ning jejere. Kuwi jenenge ora ngrusak, kuwi sing diarani ngrumat. Intine, dheweke lagi nyiptakake tradhisi anyar.

Kaya sing dilakoni para wali, wayang kulit mula bukane ya kontemporer ing jamane. Ana dewa ditatah ning kulit, para raja satriya didadekake boneka dua dimensi kuwi dosa apa ora? Jaman mbiyen, sing nyiptakake wayang kulit kuwi mesthi diunekke kontemporer. Nanging saiki, sapa sing ngerti menawa wayang kulit bakal diakoni dadi mahakarya kang adiluhung? Gamelan uga kapetung tradisi Jawa. Kok ditambahi alat musik tradhisi saka Cina, yaiku gong. Mbiyen isa uga dianggep ngrusak. Nanging saiki nyatane gong dadi sak bagian karo gamelan liyane lan uga dianggep adiluhung. Sing saiki dadi adiluhung kuwi mesti mula bukane kontemporer. Dadi apa sing digawe saiki ora isa nek diunekke njebal paugeran, pikiran kuna kuwi. —Mangkono penemune Paksi.

Bebarengan karo kanca-kanca alumni Sastra Jawa UGM Paksi gawe ada-ada ngedegake pelatihan nulis aksara Jawa. Dheweke gawe

kurikulum, gawe kelas macapat lan aksara Jawa, senajan kuwi mesthi sepi peminat. Pancen ora gampang.

Dheweke sadar yen peranan sastra Jawa kuwi cilik. Yen sastra Jawa mau diagung-agunge supaya ora kelangan karo warisan budaya Jawa, iku utopis. Paksi nduweni penemu supayane warga masyarakat sastra Jawa kuwi bisa legawa, lembah manah, nalika sastra budaya Jawa diejawantahke ing jagad kang general kaya saiki sejatine peranane cilik banget. Digandhengke karo konteks kemajuan jaman ya ora bakal nyandhak. Kasunyatanane, manungsa saiki luwih mikirke kepentingan ekonomi tinimbang mikirke peran seni sastra kang ora bisa diprioritaske. Kanthi tegas Paksi ngomong, “aluwung

gawe karya sing cilik ning mlaku becik, tinimbang bengak-bengok renaissance, mbalekake ing kejayaan jaman biyen sing ora ana tegese yen diterapake ing jaman saiki, cetha jaman wis berubah. Dadi rasah gegeden empyak kurang cagak!”

Kanggone Paksi, program pemerintah kuwi tuwa lan kaku. Prelu komunikasi karo bocah-bocah enom supaya bisa luwih leluasa, cair, saengga kreativitas luwih kebukak lan bebas. Program macapat massal, gawe antologi geguritan, antologi cerkak, sandiwara, kuwi dianggep wis ora kontekstual. Wis ora mlebu ing jaman iki. Kuwi mung dadi ajang reuni wong tuwa-tuwa sing ngentekake anggaran ora sethithik. Contone maneh, jaman saiki kok isih nganggep Kuncung Bawuk kuwi apik kanggone nguri-

uri kabudayan lan basa Kawa kanggone cak cilik, kuwi tegese ngendhegake wektu ning taun 1980-1990 —kamangka Malaysia saiki wis gawe Upin Upin. Siji maneh contone, yan tekan seprene kok isih ngrembug wayang kulit ora oleh diowahi banjur kudu manut crita wayang purwa, kuwi uga klebu pemikiran kang ketinggalan jaman. Sunan Kalijaga wae gawe perkembangan, memodifikasi, nyisipke barang anyar, ngowahi pakem. Banjur apa alasane bocah-bocah enom ora entuk gawe tradisi anyar? Mangkono pungkasane atur Paksi Raras Alit sing malah ganti takon nalika diwawancara.

#### **Latief S. Nugraha**

Penulis dan Pegiat sastra ing Yogyakarta

#### **JENENG LENGKAP**

Paksi Raras Alit

#### **PAPAN LAN TANGGAL LAIR**

Yogyakarta, 16 Juni 1985

#### **PENDHIDHIKAN**

SD Taman Siswa  
SMP 4 YK  
SMU 10 YK  
Sastra Jawa UGM

#### **PENGGAWAYAN**

Seniman

#### **GARWA**

Santi Zaidan

#### **PUTRA**

Aksara Kahyangan  
Ranum Seroja  
Hayu Selasih

#### **ALAMAT**

Keparakan Lor MG 1/989 YK



G.M. SIGIT NURCAHYANTO A

# KETONTO

“Kringgg.....” swara jam weker werna abang pucet kuwi muni ing sebelahku.

Aku banjur gregah tangi lan mlayu, nyaut andhuk ing pemean mburi omah, amarga wektu wis nuduhake jam 06:15. Sawise adus kira-kira sepuluh menit aku mangan lan njupuk tas sekolahku kang werna biru. Dalan tumuju ing sekolahku pancen rada adoh, mbutuhake wektu udakara limalasan menit.

“Kringggg..” swara bel sekolahku keprungu seka jarak sepuluh meter.

Aku gage mlayu mlebu gerbang sekolah lan baris sangarep kelas karo kanca-kancaku. Rasane kesel merga mlayu sinambi nyangklong tas ransel kang abot. Pelajaran dina iki pancen rada akeh lan angel, yaiku matematika dan PKN. Nanging aku tetep semangat lan paitan ati seneng, amarga ora ana paedahe menawa aku jengkel lan males-malesan.

Swasana ing kelas krasa ayem lan tenang. Ananging, nalika kelas wis rampung swasana ujug-ujug malik. Swasana dadi rame lan kisruh. Ana apa iki. Aku nginjen seka suwalike

cendhela kelasku ing lantai loro. Katon akeh wong padha mlayu mengulon lan akeh kang kang tiba merga kesusu. Swasana dadi tambah kisruh nalika katon ana kreta jaran werna emas muncul seka wetan, alon-alon nggawa hawa mistis. Kereta mau dikawal prajurit tengkorak loro.

“Kaya-kaya aku ora pangling weruh praupane raja lan para monster iki.”

“Herobrinneee, Herobrineee,” pambengoke wong-wong kang kewedhen.

Deggg.... rasane jantungku mandheg anggone obah basan mangerteni menawa bapakku isih urip. Ya, bapakku isih urip sawise perang gedhe kae, nalika aku isih cilik. Bapakku, Herobrine ngadeg gagah sadhuwure kereta emas kuwi. Umurku isih patang taun nalika perang gedhe kae dumadi. Perang kuwi ngorbanake wong akeh, korban jiwa lan raga. Perang antarane wong-wong saka kerajaanku lan mungsuh seka kerajaan liya. Nalika semana, bapakku ndhawuhi ibuku supaya ngungsi liwat lawang mburi kerajaan.

“Pranggg...”. Sakal aku kaget seka anggonku ngalamun. Kaca ing kelasku pecah kena panah seka pasukan brutal bapakku. Kahanan saya kisruh amarga kabeh wong bengak-bengok lan bingung mlayu nylametke awake dhewe-dhewe. Ora let suwe para siswa wiwit didhawuhi kepala sekolah mlebu ing aula ndhuwur saperlu golek papan kang aman kanggo ndhelik. Senajan mangkono, aku ora preduli. Aku ora wedi lan wiwit jumangkah metu banjur marani bapakku saperlu omong. Paitanku mung wani wae, ora ngerti masalah kang lagi dumadi.

“Paaak, bapaakk. Ikii aku Bluck, putrane bapak,” kandhaku mbengok sora.

Saiki ana rasa wedi ing atiku. Embuh apa sebabe. Hawa mistis saya krasa tekan githokku. Bapakku medhun seka kereta jarane sinambi mandeng aku.

“Hmmm... aku pancen duwe anak lanang biyen. Nanging dheweke wis dikabarke ilang karo ibune lan ora bisa ditemokke meneh. Mula kanggo males laraning atiku aku arep ngremuk desa iki. Desa iki kalebu desa kang tlatahe



dikuwasani mungsuh-mungsuhku biyen. Aku arep balas dhendham," kandhane bapakku kanthi swara kang geter medeni.

"Aku krungu ana kabar menawa Brian lan Lexy, anakku sarta bojoku wis mati, dipateni tentara mungsuh. Saiki aku arep balas dhendham marang mungsuh-mungsuhku. Aku arep ngremuk kerajaan iki lan nangkep rajane."

"Cringgg....." keprungu swara pedange Herobrine kang kimpling ditokake seka warangkane. Sawijining pedhang biru kang dawa lan pucuke lancip.

"Lan aku ora duwe anak sing jenenge Bluck!" pambengoke Herobrine karo ngunus pedhange sangarep guluku.

Aku gemeter lan bingung, nanging nyoba tatag lan ora wedi. Tak coba crita apa kang lagi dumadi. Ananging bapakku isih durung bisa percaya marang aku. Mbokmenawa merga atine wis ketaton amarga krasa kelangan keluarga sing banget ditresnani.

"He bocah, endi ibumu, hahaha? Aku ora bakal percaya kowe menawa ibumu ora ana ing kene lan ngadhepi aku!" swarane Herobrine nggetak aku. "Sangertiku anak lan bojoku wis mati. Saiki..... supaya kowe bisa mbuktekake menawa kowe bener anakku..... kowe tak kirim sisan ing akherat lan gawanen kluwargaku bali mrene, hahahahahahahahaha...."

"Cringg....." swara pedhangku tak lolos seka warangkane. Pedhang cilik nanging landhep lan kinyis-kinyis.

"CrrraaaaatTTTTTTTT..... dhuarrrrrrrrrrrrrrrrrrrr." Herobrine ngetokake jurus petir.

"Aarrggghh....." swaraku nahan lara. Aku mental adoh lan tiba

sapinggire jurang. "Aaaggghhhh.." aku nahan lara lan nyoba ngadeg ing pinggir jurang.

"SssrraaaatTTTTT..... duarr...," Herobrine marani aku kanthi cepet.

"Hehehehe, pranyata kowe keturunan raja, ya. Kowe duwe kekuatan nahan seranganku. Kepriye heh, siluman cilik. Isih wani ngadhepi aku? Aja ngaku-ngaku anakku meneh!"

"Aku ora bakal nyerah sadurunge bapak percaya marang aku," kandhaku mbengok.

Banjur aku gawe benteng nganggo kadigdayane jurus esku. Aku duwe kadigdayan loro, yaiku jurus es lan geni. Ananging aku durung prigel migunakake kanthi sampurna.

"Pyarr" swara bentengku pecah kena tembakane pertir seka bapakku. Aku ora nyerah. Aku isih bisa nylametake desaku senjata iki desane mungsuhku biyen. Pengangenku ing kahanan kaya ngene iki ibuku bisa mrene lan ngewangi aku sing saya keteter kentekan energi.

"CrrraaatTTT.....duarrrrr..." tembakan paling ampuh seka bapakku nembus bentengku lan ngenani awakku kapindhone. Aku tiba ing jurang nanging isih bisa gondhelan pang wit.

"Hahaha wis tak kandhani, aja wani-wani marang aku," Herobrine ngguyun lan ngadeg sapinggir jurang. Ananging kahanan ujug-ujug malik, ana ender pearl utawa bal kang bisa neleport wong. Bal kuwi tiba ing sebelahku.

"SsrTTTTT kreTTTTT..." Herobrine digubet kekuwatan wit-witan ijo kang ujug-ujug metu seka jero lemah. Dheweke ora bisa apa-apa maneh.

Ujug-ujug pang sing tak

cekel tugel....."eh, eh aaaaaaaaaaaaaaaaaaaaaa..." panjeritku sora. "Gedebuggg.." Pandelenganku peteng ndhedhet. Alam iki sepi lan peteng. Aku krasa awakku lara. Banjur aku saya keweden. Apa aku wis mati? Ing lamunanku alon-alon keprungu swara kang saya cetha.

"Gittt, Sigit...SigiiTTTTT.....ngapa kowe, Le. Bengi-begni kok ya isih begijigan ning kamar. Tak kira wis turu ket mau jebul isih gawe swara. Mbribeni bapakmu sing lagi wae sare. Ayo gek ndang turu ora dolanan game wae. Bocah ora tau sinau, mung cekelane game wae. Sesuk tangi esuk, sekolah. Aja nganti telat kaya mau esuk!" mangkono swarane ibuku kang saben dina ngelingake aku.

Aku banjur sadhar. Owalahhhhh, jebul aku tiba seka dhipan sawise ngimpi gelut karo Herobrine lan tiba ing jurang. Pranyata aku ketonto lan nglindur. Sinambi lungguh ing pinggir dhipan aku mikir. Jebul kayangene kedadeyane menawa kakehan dolanan game sadina-dina. Kaya ditapak pipiku seka ngalamunku sasuwene iki. Pancen ora kepenak menawa ketonto, apameneh nganti tiba seka dhipan. Wis lah, iki uga dadi end of game kanggoku. Aku kudu fokus sinau supaya ora kecandhuan game kaya sing tansah dingendikakake ibuku.

"Nyuwun ngapunten, Bu. Kula tansah ngeyel menawi diparingi pirsu ibu. Pun kula kapok," kandhaku sajroning ati sinambi ngelus-elus pilinganku sing kaya-kaya benjut kebetus jobin.

**G.M. Sigit N. A.**

Siswa Kelas XI MIPA  
SMA Kolese de Britto, Yogyakarta



# *Anggampang tan Wruh ing Kunthara Manawa*

Nyepelikake sakehing tumindak tanpa mangerteni  
kepriye tembe mburine

Foto: Sigit H.

RINI EREN

# Nututi Layangan Tatas

**N**alika mbulan kerahinan, ambane kari sajarite alis perawan. Lengkunge kadya gendhewa. Ing plipirane ana sagrumbul mega-mega putihe mlungker, tidhem, ngancani lintang panjer raina kang uga kijenan.

Nalika mbulan kerahinan, Naura wis rampung adus. Rambute sing sakpundhak isih teles kebes. Prawan manis kulit sawo mateng iku mbukak cendhela kamare. Sirahe ndangak, namatake langit, kaya-kaya nggoleki mbulan kerahinan. Dheweke enggal metu tumuju plataran.

Kaya padatane, saben esuk dheweke ndengagak mandengi langit, ngetung sisane lintang. Sapa ngerti isih ana lintang liya saliyane panjer raina. Saya suwe mandengi langit, lamat-lamat, pandulune isih bisa nitik kelap-kelipe lintang cilik-cilik sanadyan sunare pucet. Naura wiwit ngetungi lintang-lintang kerainan iku. Isih ana pitu sing abyor lamat-lamat. Liyane wis kesilep mega.

Kenya iku mesem, kaya-kaya isih duwe pangarep-arep, sesuk bakal ketemu lintang-lintang iku maneh.

Angin esuk ngarak mega putih. Bang wetan saya katon sunare. Linang-lintang cilik saya kelangan sunare. Saka grumbule mega-mega mau dumadakan mecungul kenangan pait sabubare upacara wisuda ing Kampus. Dina iku, Raditya kekasih atine medhot katresnan. Pengarep-arepe mbangun bebrayan bebarengan Raditya ambyar, kadya ilange lintang-lintang ing langit.

"Hemm," Naura onjal ambegan. Dheweke banjur njangkah, balik mlebu omah. Keprungu suwarane Bu Lik Tari saka pawon lagi ngobrol karo ibune. Swasana omah sing biasane sepi mamring dina iku karenggan kemrepyeke Bu Lik Tari.

Naura mlebu kamar. Ragane banjur dibrukake ing springbed. Wis seminggu luwih atine campur adhuk ora karuan. Wis kebacut kelangan kekasih ati, palakrama

karo priya liya, ya ora sida dumadi. Priya kang dijodhokake dheweke, tilar donya merga covid19.

"Pasiene ora jujur, dadi nulari dokter Pramana," ujare Bu Lik Tari nyritakake musababe dokter Pramana tilar donya.

Dokter Pramana ora liya, priya pilihane bapake Naura, sawise Raditya medhot katresnane. Lumrah wae yen atine Naura saiki suwung. Ora ngerti kudu kepriye. Wis setahun luwih kelangan katresnane Raditya, saiki, calon bojo pilihan bapakne tilar donya. Pikirane bundhel, kaya benang bundhet kang ora bisa diuwali maneh.

Lambene Naura kang tipis kemunci rapet, ora bisa sambat. Rambute kang isih teles digaringake nganggo hair dryer. Lagi sedhela, hair dryer dipateni. Mripate namatake foto wisuda ing ndhuwur meja riase kang dipigura warna perak. Dumadakan foto iku nggawa pangangene mabur ing prastawa rong tahun kepungkur.

Ing sangisore wit mahoni, Raditya nemoni Naura sing lagi wae bubar diwisuda. Lagi wae foto-fotoan karo wong tuwane, Raditya mecungul menehi uluk salam .

“Nuwun, Pak, Bu?” Raditya noleh ener e Naura, kaya nyuwun palilah nemoni anak wedok.

“Nggih mangga,” ngendikane Pak Subiyakta ngidinke anake wadon patemon karo Raditya. Bapakne Naura age nggeret garwane semingkir. Polatane rada peteng katon ora pati seneng Radit, celukane Raditya, teka melu mahargya dina wisudane Naura.

“Piye Mas, sida kapan nglamar aku? Mau bengi sida matur Bapak?” bisike Naura lirih karo mesam-mesem. Priya iku rada glagepan. Ora ngira kekasihe takon bab iku.

“Sakjane aku arep matur marang Bapakmu, ning piye, ya, S2 ku durung rampung. Aku mangu-mangu. Statusku saiki isih dadi tukang sapu perumahan?” wangsulane Radit lirih semu memelas.

“Lho iki piye, ta? Kok dadi malih sikepmu? Jarene wingi wani matur....”

“Yen mau bengi aku matur bapakmu, mesti aku kudanan pitakonan, arep nguripi anake nganggo apa?”

Naura wiwit mewek. Dheweke katon getun merga mau bengi nalika Radit teka nyang omahe, dheweke kudu ngancani ibune nyang rumah sakit.

“Mau bengi, sapungkurku saka omahmu, aku ora bisa turu. ”

“Lha ngapa?”

“Bapakmu bener, anak mung siji, diaji-aji. Jarene kadhung janji besanan karo sing duwe toko bahan bangunan. Kaya-

kaya bapakmu ngerti sadurunge winarah, yen tekaku bakal nglamar kowe. Mulane aku ora sida matur. Sliramu berhak urip mulya kebak bandha,” Radit nambahake.

“Lho Bapakku mau bengi ngendika mangkono?” Naura nggeret tas ransel sing digendhong Radit. “Ayo Dit kita berjuang! Sauger kowe jlentrehke rencana studimu, masa depan sing kita impekke, sapa ngerti bapakku luluh. Ora sida njodhokake aku karo dokter Pram. Ayo, aja nyerah!”

“Wiwit biyen, sakjane aku wis nggraita, wis ngerti yen kita ora bisa bebarengan, ning kok ya awake dhewe nerusake katresnan iki. Awake dhewe terus ketemuan. Kaya-kaya sakabehe crita kita sarwa endah. Ning sakjane mung nundha laraning ati. Laraku, laraning atimu. Wis suwe wongtuamu katon ora seneng karo aku.”

“Lho, iki piye ta? Apa mung tekan sakmono perjuanganmu kanggo aku?” ujure Naura prembik-prembik.

“Perjuangan masa depanku isih dawa ditandhingke karo dokter Pram, anake juragan toko material bangunan kae.”

“Aku ora perduli. Statusmu dadi tukang sapu perumahan kuwi rak mung alat berjuang ngranggeh gegayuhan masa depan. Jaremu kuliah S2 mung kanggo nunggoni aku lulus! Nunggoni aku, ben kerep ketemu.” swarane Naura groyok. Eluhe wiwit mbrebel saka tlapukane.

“Maune karepku ya mangkono. Ning wong tuwamu kepengin duwe mantu sing wis siap sakabehe. Dudu calon mantu tukang sapu. Aku ora pantes dadi mantune juragan toko bangunan sing brewu.”

“Lhoo aja kaya ngono.”

“Manuta wong tuwamu wae, Na. Kowe anak tunggal. Aja nganti nguciwani. Senadyan abot, aku lila. Muga-muga pria iku uga pratama, kaya asmane,” wangsulane Radit keprungu abot.

“Emoh, aku ora bakal rabi karo Pratama! Aku wis bola-bali matur ngono karo ibu!”

“Bapakmu, Na, sing ngersakke.”

Naura saya mbesengut.

“Lair, jodho, lan pati, ora ana sing bisa nebak, Na. Mbok menawa aku dudu jodhomu,” Radit mbisiki kupinge Naura sing wiwit ungkep-ungkep ing pundhake kekasihe iku.

“Sliramu tetep ana kene,” ujure Radit lirih. Tangane nyandhak epek-epeke Naura banjur ditemplekake ing dhadhane priya iku. “Neng kene Na. Kanggoku kowe kembang sing paling endah. Ora ana tandhingane. Kowe kupu kang paling ayu ing taman atiku. Saben dina swiwimu ngobahake dhegube jantungku,” Radit nambahake tembung sing lirih ing kupinge Naura.

Keprungu rayunae Radit, eluhe Naura malah saya deres lan pungkasane banjir kaya banyu embung dhadhal. Swara tangise Naura nggugruk. Radit bingung nalika wong-wong wiwit padha noleh ener tangise Naura.

“Na, wis Na. Yen kita pancen jodho, mesthi ana dalane ketemu maneh. Eling-eling kandhaku. Kabeh sing ana ing telenging ati bakal bali. Tak simpen atimu ing telenging atiku nganti sadawane wektu. Simpenen katresnanku tanpa winates wektu.”

Pocapane Radit sing dawa nambah gawe tangise, kepara kesesegen. Dina wisuda sing kudune bahagia, malah direnggani tangising ati. Priya iku saya bingung. Niyate

sakawit arep menehi ucapan selamat wisuda, lha kok malah dadi masalah.

“Ana apa iki, ha? Lho, Na, kok malah sesenggukan?” aloke Bu Subiyakta karo nampani awake anake wadon ing pangkone. Ibune saya bingung, Naura ora wangsulan.

“Kowe nglarani atine anakku? Pak Subiyakta langsung nutuh Radit, sora, njalari keluarga wisudawan sing isih ana taman noleh kabeh marang dheweke.

“Emm nuwun sewu, ngaten... menika wau...”

“Alaah...alaahh, wis...wis kowe wis tak eliake aja nyedhaki anakku, ta!”

“Naura...Naura...ayo mulih!”

Pak Subiyakta ora butuh keterangane Radit maneh. Anake wadon age-age didhabyang-dhabyang didohake saka Radit, digawa tumuju parkiran.

Karepe Radit arep awah pitulungan melu mbiyantu ngeneng-enengi kenya pepujaning ati. Nanging tangane malah dikipatake dening Pak Subiyakta.

“Heh, kowe ngerti? Ujare Pak Subiyakta sadurunge mungkur. “Anaku wadon iku, taksunggi...takpunji neng sirahku! Taklungguhake dhuwur, takpapanake ing njero atiku sing paling endah lan mulya. Aku ora tau nglarani atine. Ora tau nguciwani dheweke. Lha kok kowe bisa-bisane gawe tangise?” Pak Subiyakta duka yayah sinipi tanpa takon dhisik larah-larahe, dhodhok selehe.

Radit dadi kamitenggengen. Priya iku kaya ilang akale. Ora bisa wangsulan. Mripate mung kethap-kethip meruhi Naura terus ditarik nganti ilang saka pandulune.

Tas ransel ing gegere Radit kaya-kaya malih abot. Tas iku age-age diuwali saka pundhake. Tas dibukak, isine buket kembang mawar kabungkus kertas vinil sing dituku ing ngarep kampus.

Kembang mawar abang iku sakjane arep diwenehake Naura minangka tandha bungahe. Nanging saiki kaya ora ana gunane. Surprise kembang mawar abang malih tangis. Buket mawar diselehake ing bangku taman. Radit menyat ningalake mawar sing gemlethak. Dina iku dheweke kelangan mawar atine.

“Om! Om!” swarane bocah wadon cilik nyandhet lakune Radit.

“Kembange keril!” bengoke bocah iku karo ngulungake mawar marang Radit. Priya iku onjal ambegan, sirahe gedhek. “Kanggo kowe wae,” wangsulane Radit banjur nerusake jangkane, lan wiwit mbuwang wewayangane Naura saka telenging ati.

Radit si tukang sapu plataran kantor kecamatan. Dheweke bekja bisa ketiban katresnan anak juragan material bangunan sing brewu. Manawa ora dadi tukang sapu, mbok menawa ora bakal ana crita sambung katresnan karo Naura.

Crita sambung asmara kekarone pancen tanpa kinira. Larahe , saben esuk uthuk Radit wis nyapu plataran kantor kecamatan cedhak omahe Naura. Saben dina nganggo dress code oranye kaya tukang sapu liyane. Sirahe kabungkus kerpas plus masker rapet pet. Sing katon mung mripate. Dadi ora ana sing ngerti rupa asline priya pideksa iku.

Sejatine Radit ngerti yen Naura uga kuliah nunggal fakultas karo dheweke. Mung wae Radit lulus luwih dhisik. Nalika isih kuliah, kala-

kala kekarone ketemu ing parkiran. Ning yen Radit lagi dadi tukang sapu, ethok-ethok ora tepung karo kenya iku. Apa maneh raine kabungkus kerpas lan masker. Dadi Naura ora bisa nitik rupane. Engga sawijining wektu Naura menehi kaos marang dheweke nalika pas nyapu dalan ngarep omahe.

“Eh, Mas! Mas! Iki ana kaos oleh-olehku saka Singapura! Nya dienggo ganti!” ujare Naura kambi ngulungakake marang Radit. Iku moment kapisan sorot mripate Naura tumbuk karo sorot mripate Radit. “Wah idepe ketel tur ndengking,” ngono batine Naura.

“Matur nuwun,” wangsulane Raditya karo nampani kaos. Naura mungkur ninggalake Radit.

Priya iku mesem tipis. Slamet, ora konangan Naura. Nanging wadine Radit kewiyak seminggu bakda iku. Critane, tanpa sengajan Naura mrangguli Radit ing toko buku ing kampus. Naura cubriya nalika saka kadohan meruhi Radit nganggo kaos biru mangsi sing model lan kelire plek karo kaos sing tahu diwenehake tukang sapu ngarep omahe. “Kepriye critane Radit bisa nganggo kaose tukang sapu?” batine Naura. “Sing adol kaos kaya ngono ing Singapura ya akeh, ning apa ya bisa plek?” Naura saya penasaran. Dhewekke sengaja nyedhaki Radit, senior ing kampus

“Eh, kok ana kene?” Radit ngaruh-aruhi dhisik nalika meruhi kenya iku ana sebrang rak buku.

“He..iya. Kowe ya ana kene?” ujare Naura tambah.

“Lagi golek buku.”

“Kowe mentas saka Singapura, ya?” pitakone Naura langsung ing pokok persoalan.

"Kok ngerti?"

"Kaosmu?"

Lambene Radit kemunci rapet, ora ngerti kudu wangsulan apa. Yen dheweke blaka suta, mengko gek, Naura kepriye? Yen cidra, piye, wong pancen ora nyang Singapura? Malah bakal dawa urusane.

"Iki kaos pawewehmu, ta?" Radit kaget dhewe nalika wangsulane ucul saka lambene. "Aku pancen tukang sapu ngarep omahmu." Pungkasane Radit blaka.

Swasana ening. Radit nunggu reaksine kenya ing ngarepe. Ning Naura malah mencerengi Radit. Idepe ndengking, persis idepe tukang sapu ngarep omahe.

"Ooo, lha kok, sasuwene iki ora tau ngeruh-ruhi aku?" wangsulane Naura ethok-ethok ora kaget kareben Radit ora cilik atine. Kamangka atine nratap ora karuan.

"Aku dudu sapa-sapa. Aku sungkan aruh-aruh," wangsulane Radit lirih. "Apuranen aku, ya," Radit mbacutake tembung.

"Aah...ana-ana wae. Ora ana sing perlu dingapura," wangsulane Naura isih nyoba etel. Mripate ethok-ethok nggolek buku.

"Wong tuaku wis ora bisa ngirimi ragad kuliah. Dadi aku kudu berjuang ben kuliahku ora mogol. Adikku telu telu Na, isih butuh ragad sekolah. Bapakku mung buruh mecah watu kali," jlentrehe Radit blaka suta. Kaya-kaya ngerti apa kang dipikirake Naura.

Krungu blaka sutane Radit, Naura mung bisa mencerengi priya kang saiki nggejejer ing ngarepe. Dumadakan eluhe mbrebel meh dhadhal merga meruhi raine Radit kang lugu. Dheweke nemu jiwa kang tulus lan semangat juang kang makantar. Dumadakan tuwuh

rasa welas-asih. Aneh, Naura malah jatuh hati!

"Ora papa Dit, kuwi apik. Sing penting halal. Aku respek marang priya kang berjuang kanggo masa depane. Kerja kerasmu mesthi bakal ana asile," ujare Naura ora lirih.

Raditya mlengoh. Untune kang putih njlentrek katon rapi. Saiki Naura sadhar yen tatanan untune Radit sing rintip kuwi njalari eseme manis. Idepe kang ndengking njalari rupane ngganteng. Naura ketularan mlengoh. Kekarone banjur ngguyu bebarangan.

Wiwit prastawa iku rina-wengi atine Naura goreng. Kepengin tansah nemoni Radit. Mula saben esuk dheweke ngadhang Radit ing ngarep omah kareben bisa ngobrol karo priya iku. Kala-kala Naura mbungkus sarapan lan wedang kanggo Radit. Yen didangu bapak lan ibune, Naura blaka suta yen Radit kanca kuliahe, dadi ora ana lupte menahi sarapan. Mesthi wae Pak Subiyakta ora sarujuk anake kekerepen nemoni tukang sapu iku.

Nganti semono wong tuwane Naura ora nggraita yen kekarone ana sesambungan asmara. Wengi sadurune Naura diwisuda, Radit nekat mertamu ing omahe Naura. Ngadhep Pak Subiyakta, niyate arep matur yen dheweke serius arep sesambungan asmara. Mung wae isih kudu ngrampungake S2- ne dhisik. Nanging niat iku wurung merga kalah dhisik critake Pak Subiyakta kang wis nampa lamarane dokter Pram, anak juragan material bangunan.

Mulane, dina wisuda iku dadi dina pungkasan tumrap Radit lan Naura andum katresnan. Seminggu sakwise acara wisuda,

Pak Subiyakta mbujuki Naura sing isih mogol atine.

"Ndhuk, anakku mung siji, kowe. Nak Pratama iki ya kepengin kenal kowe. Wis dokter, lho saiki. Dadi masa depane wis katon. Rupane ya bagus. Kurang apa? Dicoba dhisik tetepungan," mangkono Pak Subiyakta ngerih-rih atine Naura sing makaping-kaping nolak bujukane bapakne.

Ibune Naura ya melu-melu mbujuki. Kenya iku pungkasane pasrah. Dheweke anak ontang-anting ora tega nguciwani wong tuwane. Ajakan taarufe Pratama dilayani, malah Naura kewanen nanging calon bojone iku. Kepriye manawa dheweke ora bisa nresnani Pratama?

"Aku ngerti kowe kepeksa nampa lamaranku. Ora dadi apa. Aku ya sakdrema ngugemi panyuwune ibuku. Mula aku ya ora meksa kowe kudu cepet-cepet nresnani aku. Taktunggu atimu padhang. Cobanen menahi papan kanggo aku ing atimu. Ayo dicoba bareng-bareng," mangkono wangsulane Pratama. Tembung-tembung iku kang pungkasane bisa ngluluhake atine Naura.

Dina akad nikah pungkasane wis tekan titi wancine. Omahe Naura wis direngga endah kanggo acara midodareni. Tamune dirancang mung sethithik merga isih pageblug Covid 19. Naura pasrah sanadyan atine isih mikirake Radit sing ngilang tanpa kabar.

Bakda maghrib Naura wis dandan ayu mapag malem midodareni nalika dheweke nampa kabar ngagetake atine.

"Mantene lanang masuk angin. Mbok menawa kekeselen tugas nyang rumah sakit," mangkono Bu Lik Tari mbisiki Naura. Kenya

iku sakjane arep enggal-enggal nanjihke marang calon bojone, nanging hape ne malah ketlingsut. Nganti tengah wengi, Naura lali ora sida kirim WA merga tamune lunga-teka. Saking kesele dheweke keturon nganti Subuh.

Esuk uthuk lawang kamare digedhor-gedhor saka njaba. Naura njenggirrat. Dheweke ngira iku perias mantene. Lawang dibukak blak. Tetela Bu Lik Tari sing ana ngarepe.

“Ana apa sih?” pitakone Naura kambi arep balik nyang springbed mane. Nanging ujug-ujug keprungu wong-wong padha jejeritan, nangis. Bu Lik Tari sing ana ngarepe melu nangis banjur nubruk Naura.

“Ana apa ta iki?” pitakone Naura bingung.

“Dokter Pratama diplayokake menyang rumah sakit. Jarenea kena virus corona,” Bu Lik Tari nubruk Naura.

Kenya iku kami tenggengen. Ora ana suwarane. Ragane ndredheg, awake sakala adhem-panas. Balunge kaya dilolosi. Lakune getih ing njero raga sakala kaya mandheg jegreg. Naura ambruk, grubyuk!

Ora ganep seminggu opname ing rumah sakit, dokter Pratama dikabarake seda. Mantenane jugar!

\*

Dar!dar! dar! Dar! Suara lawang kamar digedhor saka njaba, nyadharake lamunane Naura saka prastawa dhuhkita minggu kepungkur. Bu Lik Tari mlebu kamar sing ora ketutup lawange.

“Na! Na! ana kiriman kado! Suwarane Bu Lik Tari keprungu sora.

“Kadho?” alise Naura njengkerut.

“Iki mau digawa ojek online,” ujare Bu Lik Tari.

Kadho pindhah ing tangane Naura. Lawang kamar ditutup, krekep. Naura onjal ambegan. “Ora sida manten kok isih ana sing krim kadho.” Batine.

Kardhus kuning karengga pita biru iku diuncalake ing meja rias. Naura ora minat mbukak kadho. Nanging kaya ana sing aneh. Karduse ora disegel.

Kadho dibukak, blak. Isine...kaos biru. Tratat! Atine Naura kemetab. Tangane gemeter nalika njupuk kaos saka kardus. Kaos biru dilembarake ing springbed, ana tulisane “Singapore”. Mansete, warna kuning gadhing. Dhadhane Naura sakala dheg dhegan nalika mrangguli ana kartu pesan ing njero kardhus. . Tulisane, “Cafe Kayu Manis. Saiki.” Naura apal banget gaya tulisan tangan iku.

Kaos biru enggal dienggo, bladhat, tangane nyaut tas tangan lan masker. Tanpa dandan, Naura mlayu menyang garasi, mlebu mobil langsung tancap gas! Ora ana wong omah kang dipamiti.

Sadawane dalan, eluhe mbrebel kaya bendungan dhadhal. Dhadhane terus-terusan dheg dhegan. Dheweke wedi marang wewayangane dhewe. Bener apa ora Radit sing ana café? Apa Radit isih nresnani dheweke?

Dhadhane Naura saya tap-tapan. Katresnan kang biyen tatas, saiki nyoba dioyak maneh. Katresnan iku kanggone Naura kaya layangan. Ditarik kenceng bisa pedhot bolahe. Yen diundha ora ngerti juntrunge. Saiki layangan tatas iku katone isih bisa dioyak maneh. Naura tambah tancep gas.

Mobil langsung diparkir ing pojokan plataran cafe. Setengah mlayu Naura napaki plataran

kang awan iku riangga riwis. Saya cedhak café atine saya kemetab.

Lawang café dibukak. Pandulune Naura langsung tumuju meja paling pojok. Sakala Naura arep njerit nalika mrangguli Radit, lungguh ing pojokan! Naura ngucek mripate. Ah dudu impen! Naura mlayu, kepengin selak tiba ing kekepane Radit, priya sing dikangeni rina klawan wengi. Nanging tekan sangarepe Radit jangkane kandheg, jalaran kelingan isih musim pandhemi. Kudu jaga jarak. Praupane Naura abang mbranang nahan tangis. Semono uga Radit, mung bisa ngadeg nggejejer. Sorot mripat kekarone katon padha anggone ngampet kangen.

Swasana ening sedhetik rong dhetik. Irama banyu udan ing njaban café nggrecih ngrengani patemon tanpa kinira.

“Tresnamu isih kesimpn rapet ing kene,” ujare Radit lirik karo nuding dhadhane.

Eluhe Naura saya deres pates kaya udan ing njaban cafe. Naura ora kuwat maneh. Ora perduli virus Covid19. Katresnane marang Radit ngalahake sakabehe. Dheweke ora kuwawa yen katresnane tatas maneh. Naura milih ambruk nggugruk ing pundhake priya pepujan atine.

“Sing sumimpn ing telenging ati mesthi bali,” bisike Radit karo ngelus pundake Naura.

\*\*\*\*\*

Jogja, 6/12/2020

**Rini Eren.**

Penulis Sastra Jawa lan Jurnalis.  
Mapan ing Yogyakarta



KRISHNA MIHARDJA

# Aoh Huhaha

“**S**ing jeneng anak iku kang paling becik tetep kudu dimomong wong tuwane, dimomong bapak embokne, ayah bundane, papa mamahe, abi umine. Aja percaya yen ana wong ngomyang: Anakmu Bukanlah Milikmu! Wong kuwi mesthi mung tiru-tiru omongane Kahlil Ghibran, kareben diarani supistik! Sing omong kuwi mesthi padha karo sing ngomong: Aku adalah Aku. Aku adalah Kau, tapi Kau Aku. Uuh.. Hooraaa ngandel!” kandhane wong lanang iku nganti otot ing gulune katon biru, “Rumangsane yen duwe anak, mung terus diwragadi lan dipakani, enak kepenak, apa banjur bisa dipesthekake dadi wong kang becik tembe mburine?”

Wadon kang ana ngarepe mung meneng, ngenteni tukang khutbah rampung anggone omong. Senajan durung bisa diarani suwe anggone kekancan, nanging wong wadon iku wis ngerti menawa

nyanthulani rembug mung bakal dadi bengkerangan ora ana enteke, apamaneh munggel gunem kang lagi panas-panase.

“Sakjane iki dudu perkara Anakmu Bukanlah Milikmu!” wadon iku ngomong sareh.

“Banjur apa? Apa ana perkara liya tumrapping wong bebojoan saliyane perkara anak? Apa ana wit pelem awoh mung karena dinggo makani munyuk, kalong lan dipangan manungsa? Ora! Kok pikir Gusti Allah nganakake pelem, duren, jambu kuwi dianggo pakan wong? Ora! Ana duren, ana pelem, ana salak lan liyane kuwi dianggo nangkarakake wit-wit mau ing wektu sabanjure! Ngerti? Peloke, ponggene, kenthose, isine, kuwi kabeh dianggo nangkarakake supayane wit-witan mau ora ilang sejaraha.”

“Lha sing legi-legi kuwi banjur dinggo apa?” wadon iku mancing-mancing perkara.

“Lha menawa sing kuwi, yaa.. dianggo... dianggo... ngene-ngene!” wong lanang kuwi banjur nyiwel pipine sing wadon.

“Ngene lho, mas. Aku kepengin nyambut gawe, kuwi ora ateges wedi menawa ora bisa mangan, wedi ora bisa duwe dhuwit. Dudu perkara kuwi kabeh. Menawa perkarane mung marga dhuwit, mesthi bakal digeguyu tangga teparo! Banjur sapa kang ora ngerti bojoku, ehh.. bakal bojoku, eeh.. kuwi wong brewu kecu!”

“Oo, dadine kang bakal dadi bojomu kuwi wong sugih? Ngona ta?”

Wadon iku ora wangsulan nanging nggablog gegere wong lanang kang lungguh ing tengene. Suwarane gablogan geger nganti keprungu wong-wong kang ana ing restoran kuwi.

“Hiih!” wadon iku banjur ndhungkluk rada isin, nanging ora

rampung tekan semono, tangane tengen banjur njiwit pupune sing lanang, cilik banget, nganti sing lanang mringis-mringis ngampet lara. Samonoa wong lanang iku ora sambat, mundhak dadi sesawangan wong-wong ing kono.

"Aku arep omong tenanan iki, masssss..."

"Lha hiya omonga, nanging iki diuculke dhisik."

"Ngene ya, mas."

"Ngonon ya kena..."

"Yen ngomonge ora serius, tak jiwit lan ora tak uculke sadurunge bengok-bengok njaluk tulung!" Tangane sing wadon banjur diselehake ing pupune sing lanang meneh.

"Ampun.. ampun Ndara Putri, sampun kapok!"

"Kapok tenan?"

"Inggih, Ndara Putri. Estu, kapok!" kandhane wong lanang iku banjur nyulet rokok karo isih pringas-pringis nggodhani wadone.

"Ngene yaa.. Aku kepengin nyambut gawe kuwi ora merga dhuwit, nanging merga njaga ajining dhiri. Ora ateges yen ora nyambut gawe, banjur ora duwe rega! Ora! Nanging wong angakeh mung bakal ngregani aku iki sawenehe kemladheyen, ora bisa urip yen ora nempel sing lanang. Uripe bisa mompyor merga sing lanang brewu! Kuwi pancen bener, nanging tetep nglarakake ati! Dadi, iki dudu perkara dhuwit. Iki perkara ati! Ati kuwi perkara kang ana ing njero!"

"Bener, lha yen ing njaba jenenge sus.... Ehh... dhadha!" wong lanang iku mandheg maneh anggone arep guneman, jalaran wis ana tangan kang tumempel maneh ing pupune kiwa.

"Mulyaning urip iku ora mung kang katon gumelar ing ngarep mripat, nanging uga saka njero.... "

"Bener!" kandhane wong lanang iku, "Amarga kang kasat mripat iku mung maneka rupa warna, abang putih ijo ana kang krem barang, wangune uga warna-warna, iku harak mung sandhangan. Iku kabeh ora luwih penting tinimbang kang ... "

"Ana njerone! Wis ndang kandha: kang ana ing njerone! Ngonon!" tangane wadon iku mudhun saka ndhuwur meja.

"Ora sah diudhunake... tetep kene wae. Aku mung arep kandha: Kang Agawe Urip!" Nanging luwih cepet tangane wong lanang iku kang banjur nyekel tangane sing wadon supaya tetep ing ndhuwur meja.

"Saiki rembugane aja guyon dhisik!" kandhane sing lanang.

"Lha ya ngono kuwi kedadeane, yen senengane ngrungokake wayang dhalange Gito, tambah ngrungokake dhagelan Basiyo..."

"Lha mbok hiyao nonton dhagelan tivi... kareben anggone nglucu bisa wagu tur njalari tansaya goblog! Harak ngono ta?" sing lanang nyaut gunem.

"Wis ora rembugan perkara kuwi! Apa kang arep dikandhakake mau kae?"

"Ngene! Omonganmu perkara nyambut gawe kuwi, banjur priye mungguh gegayutane karo kang dak omongake ngarep, perkara anak? Anake dhewe... suk!"

"Hilliih... Kuwi dipikir sesuk wae. Kang penting, aku ndhaftarke dhisik, kuwi wae durung mesthi ketampa kok!"

"Ngene! Yen mengko ketampa, pancen kuwi wis dadi begjamu kepingin dadi mur baut sawenehe mesin gedhe kang jeneng pemerintah. Dene, yen ora ketampa, iku pancen begjaku, bakal duwe bojo kang mujudake ibu seka anak-anakku. Iki ketoko pancen adil kanggo wektu iki." Kandhane sing lanang, "Dene yen tahun ngarep ana pendaftaran maneh, kowe ora kena ndhaftarke, merga kowe wis dadi bojoku! Hihhi..."

"Nanging wektu iki anggone ndedonga supayane aku bisa ketampa lho?!"

"Lha ya mesthi, senajan aku tetep seneng yen bakale ora ketampa!"

Wadon iku nggabloki gegere wong lanang ing ngarepe. Dheweke wis ora maelu marang pawongan-pawongan kang padha nyawang kanthi mesem-mesem ing restoran kuwi. Donya pancen endah tumrape wong kang lagi kasmaran, yen ta kuwagang mesthi bakal nggendholi lakuning srengenge kareben wektu bakal kandheg anggone lumaku. Beda karo kang lagi nandhang urip mlarat, rejekine kesrakat, begjane sekarat, mesthi wae pengine donya iki enggala kiamat, bosah-baseh lir pacing binabat.

Manungsa ing donya pancen warna-warna kahanane, warna-warna kekarepane, nanging siji kang dadi jangkane yaiku ngapik-apik dhiri pribadhine lan lali marang wong liyane. Lan, Gusti kang Maha Kuwasa ora bakal ngowahi kahanan yen tanpa gayut karo manungsane. Kabeh ora ana kang dadakan dumadi tanpa dhadhakan. Banget mercayane anane dadakan tanpa dhadhakan mung ngadohake anane kupiyaning nalar lan nala. Samono mbusak tetelaning Gusti 'dadiya kang kudu dumadi' mung wujud melik nggendhong lali, kaya kali lali marang belike.

Nalikane wadon kuwi sida ketampa anggone dadi pegawe, apa kuwi wujuding kang dumadi pancen kudu dumadi. Mesthi wae ora kudu mangkono. Jalaran pancen wiwit kawitan wadon kuwi klebu monjo babagan kapinteran.

Nalikane wadon kuwi banjur dadi manten, jejdhowan karo wong lanang iku, apa kuwi uga pancen kudu dumadi kaya kang kudu dumadi. Mesthi wae ora. Jalaran ana crita-crita kang ngawiti ing wektu-wektu sadurunge. Kabeh dudu saweneh kang teka dadakan, jalaran kabeh duwe dhadhakan kang angawiti. Yen ta kabeh dianggep dadakan lan banjur nyalahake kang Nduweni Panguwasa, cetha yen mujudake cubluking nalar cupeting ati.

Samono uga nalika anake wong wadon lan wong lanang iku tundone lair, iku uga dudu perkara kang dadakan, mesthi ana dhadhakane. Uga nalikane bocah kuwi durung bisa omong

kamangka umure wis nuduhake kudune wis bisa ngucap, kuwi uga perkara kang ora ngemungake saka panguwasaning Gusti Kang Akarya Jagad.

"Iki kabeh pancen lupute dhewe, aku lan kowe." Kandhane wong lanang mau, "Aku ora bakal ngluputake kowe jalaran kowe luwih nresnani pagaweyanmu tinimbang nresnani anake dhewe. Ora! Marga kowe mesthi uga bakal mbales ngluputake aku, jalaran aku ngidinake kowe golek pagaweyan. Banjur aku uga bakal ngluputake kowe maneh, jalaran nalika biyen aku uga wis ngelingake lan menging supaya kowe ora perlu ndhaftarake dadi pegawe Terus... mundur... teruss..."

"Nganti tekan Adam lan Hawa... " sing wadon nyambung gunem.

"Kuwi wae isih bakal diluputake, jalaran apa pancen bener Adam lan Hawa kuwi ana tanpa dhadhakan? Mak jenggeleg, ngono wae?!"

"Banjur ngluputake Hawa merga meksa mangan woh kuldi lan banjur disotake ing donya iki."

"Banjur ngluputake Ijajil geneya memba ula lan ngapusi Adam lan Hawa ngenani woh kuldi kang kudune ora oleh dipangan."

"Banjur ngluputake Gusti Kang Kuwasa marga nganakake Ijajil, kamangka cetha menawa Gusti kuwi Maha Priksa, geneya kudu nganakake Ijajil kang dingerteni bakal dadi underane kaluputan." Kang wadon nerusake.

"Kuwi padha karo pitakonan: Apa Gusti bisa nyiptakake watu gedhe, nganti Gusti ora bisa kuwat ngangkat watu mau?" wong

lanang iku uga nerusake guneme. "Yen wis ngono kabeh bakal kelangan temapaking kapercayan, underaning piyandel. Banjur kabeh kelangan arah lan laku, marga rasa wis kelangan pancer!"

Wong lanang lan wong wadon iku banjur meneng, mbokmenawa lagi ngenam pikir mbesut rasa, anggoleki apa darunane geneya tekan wanci iki anake lanang durung bisa omong. Nanging kabeh ora gampang tumrape wong loro lanang wadon kang saben wektu amung mikirake kang ana gegayutane karo pagaweyan saben dinane.

Sing wadon amung mikirake gaweyan apa maneh ing wanci sesuk kang bakal diwenehake ana ing kantor lan kudu enggal dirampungake kanggo hardjaning negara lan bangsa, nganti nglalekake urip ing satengahing tangga teparo lan kulawarga. Dene sing lanang amung mikirake carane nggawe lan ngirim barang-barang menyang ing manca, supaya antuk bathi kang sagedhe-gedhene lan bisa numpuk donya brana, nganti nglalekake yen urip mono ora mung cukup kekeceh bandha lan adus brana. Lali yen kudu migatekake anak kang biyen mula kepingin dianakake kanggo nyambung anane ana ing donya iki.

Ora ngemungke lali, nanging pancen ora mangerti menawa seka jebrol cenger anake mung banjur diseleh ana ing baby box bed ditunggoni babysitter. Mung pirang menit ing sedinane anake mau bisa ngrungokake keteg maras ing dhadhane ibune nalikane disusoni? Mung pirang jam ing saben dinane, anake mau bisa ngrasakake panas

anget nalika dikeloni dening ibune? Mung pirang menit saben dinane, anake mau bisa ngaras ganda kringete wong atuwane? Mesthi ora gampang ngetung wektu kang kaya mangkono mau, jalaran ngetung wektu iku pancen luwih angel tinimbang ngetung dhuwit!

Isih begja tumrape bocah lanang mau, jalaran nalika wiwit njaluk tetah, ajar mlaku, ora dimomong babysitter maneh, nanging dimomong dening Mbahdhe kang kapernah ibu gedhene wong wadon kang duwe omah kono. Begja jalaran etungane ora ngemungake lembaran dhuwit, nanging luwih marang etungan rasa tresnane simbah tumrap putu.

“Uhh.. uhh.. uhh...” kandhane bocah lanang mau banjur nuduhake barang persegi tipis rupa ireng marang Mbahdhene kang tanggap lan banjur nyedhaki.

Mbahdhe pancen ora mangerti carane migunakake barang persegi tipis kuwi, nanging wong tuwa kuwi ngerti yen barang kuwi kang pancen wis ngedohake putune, bocah lanang mau, marang samubarang lir. Merga barang iku uga njalari putune ora bisa dolanan lemah kang saiki diganti krana barang kang dijenengi magic sand, ora bisa kekeceh, ora ngerti numpuk-numpuk krikil digawe gunung, apamaneh dolanan buk-buk peng. Ora bisa dolanan nglempit-nglempit godhong, apamaneh mbitingi godhong angka ing mburi omah didadekake kuluk utawa topi-topinan. Ora bisa dolanan marang barang kang cumawis krana alam maneh, salagine dolanan

tiron kayata lego kothak-kothak cilik kang ditumpuk, lego pipa cilik kang disambung-sambung, lempung-lempungan lilin, kabeh wis ora narik maneh. Mung siji kang saben dina dicekeli, persegi tipis werna ireng kang ing sisihe bakal ngetokake gambar mawarna-warna, barang kang jenenge gad get.

“Uhh.. uhh..” bocah lanang kuwi nuduhake barang persegi tipis marang mbah gedhene.

Mbahdhe, wadon tuwa iku, ngerti apa kang dikarepake dening bocah lanang kang kapernah putune kuwi. Ngerti menawa bocah lanang iku kepingin sandhangan kaya gambar kang katon ing barang persegi cilik iku.

“Jathilan.... Jaa... thi.... lan...” Mbahdhe ajeg ngajari omong marang putune, kapan wae sauger ngepasi ana tembung kang narik kawigatene bocah cilik mau.

Jaragan dhuwit kari nyidhuk, dina sabanjure Mbahdhe wis nyepakke jaran-jaranan lan kethu jathilan. Mesthi wae sedina muput bocah lanang kuwi banjur njathil aneng taman mburi. Patrape persis kaya jathilan kang ditonton ing barang persegi cilik. Samono uga nalika biyen bocah mau njaluk klambi tantara lan bedhil, sedina muput bocah kuwi dlosoran karo ethok-ethok dadi tantara kang lagi perang.

Bocah bilik pancen patrape kaya mangkono, dheweke bakal nirokake sepersis-persise mungguh apa kang ana ing pikirane, apa kang disawang saben wektu, apa kang dirungu saben dinane.

Ing perkara iki, pancen nggampangake anggone Mbahdhe momong bocah lanang kuwi. Nalika menyang toko gedhe, bocah lanang iku banjur disandhangi pantalon lan jas-jasan. Kanthi mangkono bocah lanang iku bakal mlaku rada ndegeg, langkahe ajeg, mengo ngiwa mengo nengen, sajak gagah.

Nalika mangkat resepsi, bocah lanang iku disandhangi surjan lan bebet mesisan blangkon lan selop. Dheweke ora bakal begjigan maneh, mesthi lakune rada ndhungkluk, gegere mbungkuk sithik, tangane kiwa nyekeli wiron, mlakune alon tanpa ngangkat sikile dhuwur-dhuwur.

Mula kabeh kekarepane bocah lanang kuwi mesthi dituruti, siji wae ora ana kang dipenging sauger isih wangun kanggone bocah cilik. Nanging Mbahdhe dadi bingung nalikane bocah lanang iku nuduhake barang persegi tipis iku.

“Aoo Hahuhaaa.... Aoooh Hahuhaaa...” mangkono bocah mau karo ngulungake barang persegi tipis iku.

“Aoh Hahuha... apa kuwi?”

“Uhh... uuh.. uhh..” bocah mau nuding-nduding gambar kang ana ing barang persegi tipis iku.

“Ooo, klambi?” pitakone Mbahdhe karo tangane ngewer-ewer klambi.

“Uhh.. uhh..” bocah lanang iku tangane nyekel-nyekel siraha.

“Ouh... hiya, sesuk ditukokke! Sorban karo jubah!” kandhane Mbahdhe.

Bocah lanang kuwi mlayu mlebu kamar, nalika metu jebul wis

nggawa dhastere ibune, banjur dituduhake marang Mbahdhe.

"Hiya, sesuk tuku sorban karo dhaster!" kandhane Mbahdhe ngayem-ayemi putune lanang, jalaran ing atine dheweke wis mesthekake yen penjaluke kang saiki, ora bakal dileksanani.

"Senajan turah-turah dhuwit, nanging kang iki ora bakal dak tukokake!" pamikire Mbahdhe.

"AooH Hahuha... Aoh Hahuha..." nanging bocah lanang iku tetep wae sawayah-wayah, nganti saweneh wektu keprungu dening ibune.

"Kuwi ngapa, Dhe?" pitakone wong wadon iku.

"Ngene ya, Nok. Kuwi njaluk klambi, nanging becik ora sah ditukokake."

"Lha priye ta Dhe?"

"Pisan iki wae, ora sah ditukokake. Tenan kuwi!" Mbahdhe meling tenan marang prunane wadon iku, jalaran dheweke ngerti yen gambar kang ditonton ing barang persegi tipis iku cetha yen kedadean ora becik.

"Njaluke apa ta, Dhe?"

"Sorban lan jubah werna putih!"

"Lha gene ming sorban lan jubah, sesuk tak pesenke penjahit prapatan kae wae." Kandhane wadon iku kang ora ngerti menawa bocah cilik iku gampang niru kang disawang lan kang dirungokake.

Mbahdhe ora bisa suwala nalika bocah lanang iku sida ditukokake sorban lan jubah werna putih dening ibune. Nanging nalika esuk

iku bocah lanang mau kepingin nganggo sandhangan kang anyar, Mbahdhe tetep ora gelem nganggokake.

"Ibuk... ibuk..." kandhane Mbahdhe karo ngacung-acungake tangane marang omah tengah.

Bocah lanang kuwi kanyatan ngerti kang dikarepake dening Mbahdhe, mula banjur mlayu nggawa sandhangan anyar marang ibune kang ngepasi prei anggone nyambut gawe. Senajan ngawur, tetep wae wong wadon iku nganggokake sorban kanggo anake lanang kang durung bisa omong.

"Aoh.. huhaha... aoh huhaha..." bola-bali bocah lanang iku bengok-bengok, tangane tengen diacung-acungake munggah.

Bubar ngenggokake sorban lan jubah, wong wadon kuwi banjur menyang kamar mandi. Bocah lanang iku njingklak-njingklak mlayu metu menyang taman tetep karo bengak bengok.

"Aoh.. Huhaha... Aoh Huhaha..." tekan taman mburi banjur njupuk kayu udakara setengah meter dawane lan sak lengen gedhene.

"Aoh.. Huhaha... Aoh.. Huhaha..." mlaytu mlebu omah maneh karo ngobat-abitke kayu salengen kuwi.

"Aoh... Huhaha... Aoh... Huhahaaaa... Aoh... Huhahaaaa..."

Brak... brak... krompyang... cleng... krompyang....

"Aoh... Huhahaaaaa...."

Mbahdhe kang krungu suwara pating krompyang banjur mlayu

marani papan asale. Tekan ing dhapur meruhi bocah lanang kuwi wis ngobrak-abrik apa wae kang ana ing dhuwur meja, ing lemari, ing rak. Kabeh remuk pating blasah ing njobin. Mbahdhe meruhi prunane, wong wadon iku, kang njegreg ing ngarep kamar mandi nyawang bocah lanang kang isih bengak-bengok karo mbabitate kayu salengen gedhene.

Mbahdhe banjur nyikep putune, lan dirih-rih supaya mendha. Alon sorbane dicopot, samono uga jubahe.

"Iki sakjane kepriye, Dhe?"

Bocah lanang kang wis ora klamben iku sajake ngerti apa kang dikarepake ibune, mula banjur mlebu kamare lan metu meneh nggawa barang persegi tipis.

"Aoh.. Huhaha..." kandhane bocah lanang iku karo ngulungake barang persegi tipis.

"Ouhhh..." bengoke wadon iku kaget nalika meruhi gambar kedadeane wong-wong sorbanan nganggo klambi putih kang ngamuk punggung, "Yen ngene... becik sesuk tak tukokne sandhangan wayang uwong wae!!"

Yogyakarta, 2019

**Krishna Miharja**

Novelis, Cerkais, lan Penggurit.  
Mapan ing Godean, Yogyakarta

## *Agenda Kegiatan Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta*

### **Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) dan Penerbitan Majalah Pagagan**

Sanggar kang dadi papan kanggo nyinau lan ngrembakakake sastra Jawa. Saliyane gladhen lan dhiskusi sastra uga dikantheni penerbitan Majalah Sastra Jawa Pagagan.

### **Sanggar Bahasa Indonesia (SBI)**

Sanggar kang dadi papan sinau basa Indonesia

### **Sanggar Sastra Indonesia Yogyakarta (SSiy)**

Sanggar kang dadi papan nyinau sastra Indonesia.

### **Bengkel Bahasa dan Sastra Indonesia dan Jawa**

Bengkel kang dadi papan gladhen siswa nyinau lan nyipta karya basa lan sastra Indonesia lan Jawa

### **Rumah Bahasa dan Sastra**

Papan kanggo dhiskusi lan ngrembug asil karya sastra lan basa Indonesia lan Jawa

### **Pemasyarakatan Sastra Lama (Macapat)**

Nggrengsengake masyarakat kang seneng marang seni tembang macapat

### **Lomba Musikalisasi Puisi**

Ajang kanggo apresiasi sastra lumantar kolaborasi musik lan puisi

### **Gerakan Literasi**

Nggrengsengake lan ngrembakakake basa lan sastra saka lan kanggo masyarakat

### **Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI)**

Uji kawasisan babagan Basa Indonesia lumantar alat ukur kang wus diakoni sacara nasional

### **Penyuluhan (Peningkatan Keterampilan) Berbahasa dan Bersastra Indonesia dan Jawa**

Upaya ngrembakakake keterampilan basa lan sastra kanggo masyarakat supaya bisa migunakake kanthi bener lan pener

### **Pemilihan Duta Bahasa**


Ajang kompetisi kanggo miji duta-duta basa lan sastra Indonesia

### **Penerbitan Jurnal Ilmiah WIDYAPARWA dan WIDYASASTRA**

Medhia tulis ilmiah kanggo mbiwarakake asile panaliten babagan basa lan sastra

FITRI MERAWATI

# Apa Bener Pulung Gantung Kuwi Ana?



Judhul : *Pulung Gantung Tali Pati*  
 Pangripta : Iman Budhi Santosa  
 Penerbit : Interlude  
 Cithakan : November 2019, viii + 184 kaca

Crita babagan pulung gantung ing Gunung Kidul tekan seprene ora rampung-rampung dibabar. Kang dadi jalaran wong-wong Gunung Kidul pada nglalu nggantung meneka warna. Nanging, mitos pulung gantung ora isa diculke ngono wae ngenani saben kasus sing wus kedadeyan. Prastawa-prastawa kang gegayutan karo anane wong-wong padha mati nggantung ing Gunung Kidul ana gandheng-cenenge karo telung perkara; *sepisan*, ringkihe batin lan rusake kapribaden. *Pindho*, bot repoting

urip. *Telu*, kelangan nalar utawa pikiran waras jalaran kangslupan badan alus (pulung gantung).

Novel *Pulung Gantung Tali Pati* sing karipta dening Iman Budhi Santosa iki klebu crita kang adhedasar prastawa nyata. Data penelitian babagan kasus pulung gantung ing Gunung Kidul sakjeroning novel iki dijentrehake saka bab psikologi, antropologi, sosiologi, nganti tekan mitologi. Novel basa Jawa sing didasari penelitian bab kabudayan lan serba-serbine masarakat Jawa ing Gunung Kidul iki klebu wacan kang penting lan

prelu disinaoni sukur-sukur bisa kanggo ngungkap kasus-kasus mati nggantung ing Gunung Kidul. Kanggone masarakat Gunung Kidul mati nggantung dianggep dosa gedhe lan dadi sirikane wong akeh. Malah ana panemu yen mati nggantung bakal dadi sukerta tumrap kulawarga lan papan kono. Nanging, apa bener pulung gantung kuwi ana?

Novel karya Iman Budhi Santosa iki diwiwiti saka critane Rini Setyawati, reporter Majalah *Inspirasi*, Jakarta, sing bali dadakan menyang

Gunung Kidul sawise nampa kabar menawa Mbah Sumirah, simbah putrine seda. Rini nemoni kahanan kang ngagetake, simbah putrine seda ora marga gerah, nanging jalaran nggantung. Anehe, anggone nggantung ana ing wit pelem tandurane simbah kakung, Mbah Sastrahutama (almarhum), sing ndhisik kanggo nandhani kelairane Pak Margono, bapake Rini.

Sedane Mbah Sumirah, njalari Rini kepengin nganakake panaliten ngenani mati nggantung ing Gunung Kidul. Ndilalah Rini dipindhah menyang perwakilan Majalah *Inspirasi* ing Yogya. Nanging, pindhaha ning Yogya malah dadi prakara anyar. Rini banjur metu saka anggone nyambutgawe.

Sakwise metu saka Majalah *Inspirasi*, Rini tansaya temen nganakake panaliten bab mati nggantung ing Gunung Kidul. Dheweke blusukan ing Gunung Kidul nemoni kulawarga wong-wong sing ndhisik mati nggantung. Ora dhewe, dheweke direwangi dening Prasetya Nugraha, kancane raket nalika SMA sing saiki dadi wartawan koran local ing

Gunung Kidul. Amarga ngrewangi panalitene Rini, ing kekarone banjur tuwuh rasa katresnan.

Puluhan kedadeyan mati nggantung ing Gunung Kidul wis disinaoni dening Rini. Dheweke nemokake kanyatan anyar, yaiku kabeh wong sing mati nggantung pranyata duwe kapribaden kang ringkih. Nalika ngalami cobaning urip kang dirasakake abot lan rumangsa ora kuwawa nyangga utawa nyingkirake, ati lan pikire dadi nggrantes. Wektu semono sejatine durung mesthi yen duwe karep mati nglalu. Ndilalah ora kanyana-nyana dheweke klebon pulung gantung saengga ngalami ora eling. Amarga kelangan nalar warase nganti ora eling yen wis tumindak nggantung kang njalari patine.

Maca novel kang dadi juwara ing Kompetisi Penulisan Novel Jawa 2017 Dinas Kebudayaan DIY iki kita dadi tambah wawasan babagan kahanan urip masyarakat Gunung Kidul, utamane soal kasunyatan aeng yaiku kasus mati nggantung. Kanthi novel *Pulung Gantung Tali Pati* iki Iman Budhi Santosa mujudake kasil anggone

njajah desa milang kori nglakoni penelitian kang sakdurunge wis dadi cathetan ana ing buku *Tali Pati: Kisah-Kisah Bunuh Diri di Gunung Kidul* —ditulis karo Wage Daksinarga. Kanggone para maos, novel iki penting diwaca amarga bisa nambahi kapustakan basa lan sastra Jawa sing arang ditemoni. Novel basa Jawa kang ditulis nganggo penelitian kanyata bisa nambahi ngelmu bab warna-warnine kabudayan Jawa.

Novel kanthi latar Jawa lan ditulis nganggo basa Jawa luwih krasa ning ati. Apa maneh crita sing ditulis dening Iman Budhi Santosa iki kompleks lan terus ngundang pitakonan-pitakonan kang ora rampung-rampung. Crita misteri, katresnan, sosial, spiritual ana ing sakjeroning novel iki. Ing pungkasane crita para maos bakal digawe gedheg-gedheg lan mrinding mbayangake kedadeyane. Ing kene bakal nemu jawaban pitakonan, “apa bener pulung gantung kuwi ana?” Umpama ketemu produser lan sutradara film sing bisa nggarap novel iki tekan bioskop, mesthi bakal apik banget.

**Fitri Merawati, M.A.**

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Universitas Ahmad Dahlan.





## IMAM BUDI UTOMO

# Siniar

**I**novasi ing jagading susastra tansah diudi melu owah gingsiring jaman. Siniar (*podcast*) dadi salah sawijining medhia digital kang wus dirembakakake kanggo mbiwarakake tuwuh lan ngrembakane susastra. Susastra, mligine Jawa minangka olah budi lan dayaning manungsa Jawa bisa dimangerteni lan ditampa dening generasi mudha lumantar piranti digital kang tansah nut lakuning jaman, yaiku siniar. Perlu kawuningan menawa Siniar kuwi siaran audio kang dicawisake lumantar format digital ing studio lan asil siarane bisa dimirengke utawa diundhuh lumantar sindikasi web.

Kaya ature Mendikbudristek, “sastra nyekel babagan wigati ing ngrembakaning budaya lan negesake jati dhirine bangsa” ing konferensi pers nalika ngresmekake siniar Sandiwara Sastra ing Jakarta ing wulan Juli, mula ngrembakane sastra Jawa kang dadi bageyaning sastra donya dadi babagan kang ora bisa dinyang maneh, kudu dibiwarakake

lumantar siniar.

Sastra Jawa minangka ekspresi kang endah lan ngemot pesen-pesen sinandi ngenani budaya lan owah gingsiring jagat Jawa saisine kudu dadi bageyaning owah gingsiring donya. Jer sastra Jawa minangka sastra donya lan uga duwe jati dhiri kang kudu dimangerteni dening sasopoa ing saindhenging donya lumantar maneka piranti kang bisa biwarakake.

Balai Bahasa Provinsi DIY minangka salah sawijining pengayom (patron) uriping sastra Jawa, mligine ing Daerah Istimewa Yogyakarta, tansah ngupaya lan migatekake kepriye supaya sastra Jawa tansah bisa dikreasi lan diapresiasi dening masyarakat (dimirengake, diegegulang, dicathet (dhokumentasi), lan tansah dirembakakake), mligine generasi mudha. Mula Balai Bahasa Provinsi DIY nyawisake piranti Siniar kang bisa kanggo ajang kreasi lan apresiasi sastra, mligine sastra Jawa ing wewengkon DIY. Lumantar Balai Bahasa Provinsi DIY lan Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta

(SSJY) masyarakat diajab bisa dadi bageyaning ngrembakane sastra Jawa lumantar maneka kegiyatan kang diwadahi kanthi program-program siniar Balai Bahasa Provinsi DIY.

Maneka asil Susastra Jawa, kayata cerkak, novel, geguritan, pentigraf Jawa, macapat, lan liya-liyane bisa dibiwarakake lumantar program dhiskusi karya, wacan karya, lan liya-liyane lumantar Siniar Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Mula ayo para sastrawan, budayawan, pandhemen sastra Jawa, bebarengan MAJU BERSAMA BALAI BAHASA Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.

Salam Sastra Budaya


**Drs. Imam Budi Utomo, M.Hum.**

Kepala Balai Bahasa  
Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta




### Dongeng Jawa

Judhul buku : Wedhus Prucul  
 Penulis: Asti Pradnya Ratri  
 Penerbit: Oncor Semesta Ilmu  
 Taun terbit : 2021  
 Jinis buku : Dongeng




### Novel Jawa

Judhul buku : Mbah Lurah  
 Penulis: Bambang Nugroho  
 Penerbit: Interlude  
 Taun terbit : 2020  
 Jinis buku : Novel



### Novel Jawa

Judhul buku : Truntum  
 Penulis: Siti Aminah  
 Penerbit: Stiletto  
 Taun terbit : 2019  
 Jinis buku : Novel



### Novel Jawa

Judhul buku : Pepati  
 Penulis: Agus Suprihono  
 Penerbit: Buana Grafika  
 Taun terbit : 2020  
 Jinis buku : Novel